

PANGANGGENING DWIBASA SALEBETING FILM
TENDANGAN DARI LANGIT

SKRIPSI

Dipunajengaken dhateng Fakultas Bahasa dan Seni
Universitas Negeri Yogyakarta
minangka Jejangkeping Pandadaran
Anggayuh Gelar
Sarjana Pendidikan



dening

Melisa Yulianggara
NIM 09205241002

PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
FAKULTAS BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA
2014

PASARUJUKAN

Skripsi kanthi irah-irahan Panganggening Dwibasa Salebeting Film *Tendangan Dari Langit* menika sampun pikantuk palilah dening *pembimbing* kangge dipunujekaken ing salebeting *pendadaran*.



Yogyakarta, 15 April 2014

Pembimbing I,

Prof.Dr. Endang Nurhayati, M.Hum

NIP. 19571231 198303 2 004

Yogyakarta, 15 April 2014



Pembimbing II,


Mulyana, M.Hum

NIP. 19661003 1992031002

Skripsi kanthi irah-irahan Panganggening Dwibasa Salebeting Film *Tendangan Dari Langit* menika sampun dipunandharaken ing pandadaran wonten sangajenging *penguji* ing tanggal 9 Mei 2014 saha dipuntetepaken lulus.

Dewan Penguji

Asma	Jabatan	Tapak asma	Tanggal
Prof. Dr. Suwarna, M.Pd	Ketua penguji		19 Mei 2014
Drs. Mulyana, M.Hum	Sekretaris penguji		19 Mei 2014
Drs. Hardiyanto, M.Hum	Penguji I		19 Mei 2014
Prof.Dr. Endang Nurhayati, M.Hum	Penguji II		19 Mei 2014




Yogyakarta, 19 Mei 2014

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Yogyakarta

Dekan,



Prof. Dr. Zamzani, M.Pd.

NIP. 19550505 198011 1 001

WEDHARAN


Ingkang tapak asma wonten ing ngandhap menika, kula:

Nama : **Melisa Yulianggara**
NIM : 09205241002
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa
Fakultas : Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta

Ngandaraken bilih panaliten menika minangka asiling padamelan kula piyambak. Sapangertosan kula, panaliten menika boten kaisi *materi* ingkang dipunserat dening tiyang sanes, kajawi namung perangan tertamtu ingkang kula pendhet minangka dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan *karya ilmiah* ingkang umum. Seratan ing wedharan menika kaserat kanthi saestu. Menawi kabukti wedharan menika boten leres, saestu dados tanggel jawab kula.

Yogyakarta, 15 April 2014

Panyerat,



Melisa Yulianggara

SESANTI

Alon-alon waton kelakon

PISUNGSUNG

Kanthi raos sukur dhumateng Allah SWT, *karya ilmiah* menika kula
pisungsungaken dhateng : tiyang sepuh kula, Bapak Soekarno saha Ibu Shofiyati
ingkang sampun paring panyengkuyung saha pandonga pangestu.

PRAWACANA

Alhamdulillah wa Syukurillah konjuk dhumateng Allah SWT ingkang tansah paring lumubering rahmat, barokah, saha hidayah dhateng panyerat, saengga skripsi kanthi irah-irahan “Panganggening Dwibasa Salebeting Film *Tendangan Dari Langit*” menika saged kaimpun kanthi nir ing sambekala. Skripsi menika kaserat kangge njangkepi salah satunggaling sarat pikantuk *gelar sarjana pendidikan*.

Awit saking pambiyantu kangge nyusun skripsi menika, panyerat ngaturaken agunging panuwun dhateng sedaya ingkang mbiyantu kados kaserat wonten ing ngandhap menika.


1. Bapak Prof. Dr. Zamzani, M.Pd. minangka Dekan Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring idin kangge nyusun skripsi menika.
2. Bapak Dr. Suwardi, M.Hum. minangka pangarsaning Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring wewarah supados skripsi menika saged dipunrampungaken kanthi lancar.
3. Ibu Prof. Dr. Endang Nurhayati, M.Hum. minangka *pembimbing I* ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
4. Bapak Mulyana, M.Hum. minangka *pembimbing II* ingkang sampun paring wewarah kanthi sabar kangge ngrampungaken skripsi kanthi lancar.
5. Ibu Prof. Dr. Suharti, M.Pd. minangka *Penasehat Akademik* ingkang sampun paring *nasehat* salaminipun sinau ing Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah.
6. Sedaya dosen Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring seserepan wonten ing pasinaon kuliah.
7. Para *staf admin* jurusan saha *staf* Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun paring pambiyantu anggenipun proses panyeratan skripsi menika saengga ndadosaken lancar sadayanipun.

8. Tiyang sepuh kekalih saha sedaya kulawarga ingkang sampun paring pambiyantu saha donga pangestu.
9. Aditya Ryan Atma Ardany ingkang sampun paring pambiyantu saha *semangat*.
10. Sedaya kanca Jurusan Pendidikan Bahasa Daerah ingkang sampun paring pambiyantu saha *semangat*.
11. Sedaya *pihak* ingkang boten saged kula sebataken setunggal mbaka setunggal awit saking pambiyantunipun.

Panyeratan skripsi menika taksih gadhah kekirangan. Awit saking menika, panyerat gadhah pangajab supados pamaos paring panyaruwe saha pamrayogi kangge nyampurnakaken panaliten menika. Panaliten menika mugi-mugi saged caos paedah dhateng sedaya ingkang maos.

Yogyakarta, 15 April 2014

panyerat,



Melisa Yulianggara

WOSING ISI

	Kaca
IRAH-IRAHAN	i
PASARUJUKAN	ii
WEDHARAN	iv
SESANTI	v
PISUNGSUNG	vi
PRAWACANA	vii
WOSING ISI	ix
<i>DAFTAR TABEL</i>	xi
<i>DAFTAR LAMPIRAN</i>	xii
<i>DAFTAR CEKAKAN</i>	xiii
SARINING PANALITEN	xiv
 BAB I PURWAKA	 1
A. Dhasaring Panaliten	1
B. Underaning Perkawis	5
C. Watesaning Perkawis	5
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Paedahing Panaliten	6
G. Pangertosan	6
 BAB II GEGARANING <i>TEORI</i>	
A. Pangertosan Sociolinguistik	9
B. Masarakat Tutur	10
C. Peranganing Tutur	11
D. Kontak Basa	13
E. Panganggening Basa	15
F. Variasi Basa	16

G. Alih Kode saha Campur Kode.....	21
H. Kedwibahasaan	25
I. Panaliten Ingkang Jumbuh	33
J. Nalaring Pikir	35
 BAB III CARA PANALITEN	
A. Jinising Panaliten	37
B. <i>Subjek saha Objek</i> Panaliten	37
C. Cara Ngempalaken <i>Data</i>	38
D. Pirantining Panaliten	39
E. Cara Nganalisis <i>Data</i>	40
F. Cara Ngesahaken <i>Data</i>	40
 BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN	
A. Asiling Panaliten	42
B. Pirembagan.....	53
1. Dwibasa Awujud Campur kode	53
a. dwibasa campur kode awujud tembung lingga	53
b. dwibasa campur kode awujud tembung andhahan	66
c. dwibasa campur kode awujud tembung wancah	77
d. dwibasa campur kode awujud tembung rangkep	84
e. dwibasa campur kode awujud kelompok tembung	89
2. Dwibasa Awujud Alih Kode	91
 BAB V PANUTUP	
A. Dudutan	99
B. <i>Implikasi</i>	100
C. Pamrayogi	101
KAPUSTAKAN	102
LAMPIRAN	105

DAFTAR TABEL

	Kaca	
<i>Tabel 1 : wujuding kertu data... ..</i>	40	
<i>Tabel 2 : wujud saha fungsi dwibasa salebeting film <i>Tendangan Dari</i></i>		
<i>Langit.....</i>	42	

DAFTAR LAMPIRAN

Kaca

Lampiran1: Analisis wujud saha fungsi panganggening dwibasa salebeting film

Tendangan Dari Langit 105

DAFTAR CEKAKAN

AK	: Alih Kode
CK	: Campur Kode
Heu	: Heuristik
Ima	: Imajinatif
Ins	: Instrumental
Int	: Interaksional
KT	: Kelompok tembung
Per	: Personal
Reg	: Regulasi
Rps	: Representasion
Tb	: Tembung

**PANGANGGENING DWIBASA SALEBETING FILM
*TENDANGAN DARI LANGIT***

**Dening Melisa Yulianggara
NIM 09205241002**

SARINING PANALITEN

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken panganggening dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Panaliten menika ngandharaken wujud saha fungsipun dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

Panaliten menika kalebet panaliten *deskriptif*. *Data* ing panaliten menika awujud wujud saha fungsipun dwibasa. *Subjek* panalitenipun inggih menika film *Tendangan Dari Langit*. Cara kangge manggihaken *data* inggih menika kanthi *metode simak* ingkang dipunjangkepi mawi *teknik sadap*. *Data* dipunanalisis kanthi *teknik deskriptif* inggih menika panaliti ngandharaken wujud saha fungsipun dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Kangge ngesahaken *data* dipunginakaken *validitas* saha *reliabilitas*.

Asiling panaliten menika ngandharaken wujud saha fungsipun dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Wujud panganggening dwibasa menika awujud alih kode saha campur kode. Alih kode menika arupi klausa, menawi campur kode menika arupi tembung. Tembung menika dipunperang dados gangsal inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung wancah, tembung rangkep, saha tembung camboran. Fungsipun dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* inggih menika fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representation*, fungsi *interaksional*, fungsi *personal*, fungsi *heuristik*, saha fungsi *imajinatif*.

BAB I PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Manungsa minangka *makhluk sosial* ingkang mbetahaken sarana kangge nindakaken *interaksi* dhumateng tiyang sanes. *Interaksi sosial* menika gayut kaliyan panganggening basa inggih menika kados pundi tiyang migunakaken basa tertamtu saha alasan tertamtu. Basa menika gadhah piguna ingkang wigatos wonten ing masarakat. Basa dipunginakaken kangge piranti *komunikasi*. Basa dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih, pangraos saha kepinginan supados saged dipunmangertosi dhumateng tiyang sanes. Tiyang ingkang boten nguwaosi basa ingkang dipunginakaken ing masarakat temtunipun badhe ngadhepi reribet ingkang langkung awrat.

Wonten masarakat tutur, basa gadhah *ragam* utawi *variasi* ingkang dipunginakaken dening masarakat tutur. Adhedhasar *sosial*, *budaya*, saha kawontenan, masarakat tutur saged nemtokaken panganggening basa. Panganggening basa boten namung dipuntemtokaken dening babagan *linguistik*, ananging ugi babagan *non linguistik*. Babagan *non linguistik* ingkang wonten gegayutan kaliyan panganggening basa antawisipun babagan *sosial* saha babagan *situasional* (Soewita, 1982: 23). Babagan *situasi* gadhah pangaribawa wonten ing pamilihing tembung ingkang badhe dipunginakaken saha kados pundi anggenipun matur. Babagan *sosial* ingkang gadhah pangaribawa wonten ing panganggening basa antawisipun yuswa, jinising *kelamin*, kawontenan ekonomi, saha jabatan.

Wonten ing pawicantenan asring kadadosan owahan tingkat tutur utawi ngginakaken basa langkung kathah saking satunggal basa. Tiyang ingkang migunakaken kalih basa utawi langkung kathah kanthi leres kangge piranti komunikasinipun dipunsebat dwibasawan. Wonten ing *konteks* kedwibasaan menika dipunsebabaken amargi tiyang gampil anggenipun nglampahi campuran basa kanthi ancasipun. Panutur ingkang gadhah maneka warni basa langkung gampil kadadosan campuran basa. Bab menika dipunpanggihi wonten ing ranah basa tuturan langsung utawi *komunikasi lisan*.

Wonten ing masarakat temtunipun saged dipunpanggihi campuran basa ingkang dipuntindakaken kanthi sengaja utawi boten sengaja. Dwibasa boten namung dipunginakaken wonten ing masarakat, ananging dipunginakaken ugi wonten ing kasusastran kadosta novel, cerkak, kethoprak, *sandiwara*, saha film.

Film minangka salah satunggaling hiburan kangge masarakat saged dados *media komunikasi* kangge nglegantunaken budaya saha basa. Ing jaman samenika, film langkung dipunminati dening masarakat tinimbang hiburan sanesipun. Samenika kathah film ingkang migunakaken *setting* wonten ing Jawi, boten namung *setting* papanipun ingkang ngginakaken latar dhaerah Jawi, ananging ugi ngginakaken basa saha kabudayanipun.

Salah satunggaling film ingkang migunakaken basa Jawi inggih menika film *Tendangan Dari Langit*. Film menika migunakaken basa Indonesia minangka basanipun, ananging kapanggihaken basa Jawi mliginipun dialek Jawa Timuran minangka sarana wawanrembag para paraganipun. Salebeting film menika kathah dipunpanggihiaken tembung-tembung utawi ukara ingkang ngemu dwibasa.

Dwibasa wonten ing film menika kadayan dening kahanan, *faktor*, saha ingkang maneka warni. Wonten ing pawicantenan kasebat saged kadadosan campuran basa ingkang dipuntindakaken amargi *latar belakang* ingkang beda-beda saha *cenderung* ngginakaken basa ingkang dipunanggep saged makili piyambakipun.

Gegayutan kaliyan bab kasebat, panaliti menika ngrembag bab panganggening dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Dwibasa dipunrembag wonten ing panaliten menika amargi dwibasa menika ngginakaken kalih basa saha badhe *motret fenomena* basa ingkang wonten ing zaman samenika. Film *Tendangan Dari Langit* menika settingipun wonten ing Bromo, Jawa Timur saha nyariosaken babagan lampahing tiyang ingkang gadhah bakat wonten ing *olahraga* mliginipun *sepakbola*. Film kasebat ngginakaken basa Jawi wonten ing saperangan wawan rembag para paraganipun. Salebeting pacelathon film *Tendangan Dari Langit* menika kathah tembung-tembung ingkang kalebet dwibasa. Film *Tendangan Dari Langit* menika dipunteliti amargi kapanggihaken wujud saha fungsi dwibasa ingkang maneka warni. Asiling panaliten kaangkah saged nambah wawasan ngelmu *linguistik* ing wekdal menika.

Panganggening dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit* menika saged dipuntingali saking tuladha pawicantenan ing ngandhap menika

Wahyu : “Aku disewa buat main bola untuk memperkuat tim Karang Sari. Kowe datang ya karo Meli.”

Tuturan “Aku disewa buat main bola untuk memperkuat tim Karang Sari. Kowe datang ya karo Meli.” menika salah satunggaling tuladha panganggening dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Ukara menika

dipunginakaken dening Wahyu kangge paring *informasi* dhumateng Indah menawi piyambakipun badhe main bal wonten tim Karang Sari lajeng Indah dipunprentah kangge ningali.

Ukara “Aku disewa buat main bola untuk memperkuat tim Karang Sari. Kowe datang ya karo Meli.” menika tuladha dwibasa ingkang ngginakaken kalih basa inggih menika basa Indonesia saha basa Jawi ingkang dipunginakaken kanthi cara gantosan. “Aku disewa buat main bola untuk memperkuat tim Karang Sari” menika ukara saking basa Indonesia lajeng “Kowe datang ya karo Meli” menika ukara saking basa Jawi. Tuladha dwibasa menika asring dipunginakaken wonten ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

Saking andharan ing nginggil menika, saged dipunpendhet dudutan bilih panganggening dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit* kadadosan sae kanthi cara sadar utawi boten sadar saha dipundayani kaliyan *faktor-faktor* tertamtu. Dwibasa dipunrembag wonten ing panaliten menika amargi dwibasa menika ngginakaken kalih basa saha badhe *motret fenomena* basa ingkang wonten ing zaman samenika. Wonten ing panaliten menika ngginakaken film *Tendangan Dari Langit* amargi film kasebut ngginakaken kalih basa inggih menika basa Indonesia minangka basanipun saha basa Jawi ingkang nedahaken ciri khas paraganipun. Bab-bab ing nginggil menika ingkang dados dhasaring panaliten ingkang irah-irahanipun panganggening dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

B. Underaning Perkawis

Adhedhasar dhasaring panaliten menika, saengga saged dipundudut underaning perkawis. Underaning perkawis inggih menika:

1. basa menapa kemawon ingkang dipunginakaken ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*;
2. wujud ing dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*;
3. fungsipun dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

C. Watesaning Perkawis

Awit wiyaripun perkawis, saengga panaliti matesi perkawisipun. Watesaning perkawis inggih menika:

1. wujud ing dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*;
2. fungsipun dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

D. Wosing Perkawis

Adhedhasar watesaning perkawis panaliten, saged dipundudut wosing perkawisipun. Kados ing ngandhap menika.

1. Kados pundi wujud ing dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*?
2. Kados pundi fungsi dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis panaliten, saengga saged dipundudut ancasing panaliten. Ancasing panaliten inggih menika.

1. Kangge ngandharaken wujud ing basa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

2. Kangge ngandharaken fungsi dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

F. Paedahing Panaliten

Panaliten menika dipunkajengaken saged paring paedah kanthi *teoretis* saha kanthi *praktis*. Paedahing panaliten inggih menika.

1. Paedah *Teoretis*

Asiling panaliten menika dipunkajengaken saged paring paedah kangge ngrembakaken kawruh saha paring pambiyantu kangge panaliti salajengipun ingkang wonten gegayutanipun kaliyan dwibasa, sarta kangge nambah *data* panaliten babagan dwibasa.

2. Paedah *Praktis*

Saged nyukani *kontribusi* kangge *pendidikan*, supados paraga *pendidikan* ingkang maos saged mangertosi menapa kemawon wujud saha fungsining dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Paedah *praktis* sanesipun inggih menika saged dados *referensi* kangge panaliten sanesipun ingkang ngrembag babagan dwibasa.

G. Pangertosan

Gayut kaliyan irah - irahan panaliten menika, saged kaandharaken pangertosan - pangertosan tembungipun kados ing ngandhap menika.

1. Basa Jawi

Basa Jawi inggih menika sarana *komunikasi* masarakat Jawi. Wonten ing padintenan masarakat kasebat kathah dipunpangguhaken panganggening basa Jawi

kanthi sinerat utawi kanthi lisan (Endang Nurhayati lan Siti Mulyani, 2006: 1). Basa Jawi ingkang dipunginakaken salebeting film *Tendangan Dari Langit* menika basa Jawi dialek Jawa Timur. Katitik saking panganggening tembung *koen* ingkang tegesipun ‘panjenengan’ ‘*kamu*’ saha tembung ‘Jancuk’.

2. Dwibasa

Dwibasa inggih menika sedaya ingkang gegayutan kaliyan panganggening kalih basa utawi kode basa. *Bilingualisme* utawi *kedwibahasaan* menika dipunginakaken kangge gontas-gantos basa kanthi maksud dipunmagertosi tiyang sanes. Menawi tiyang ingkang nguwaosi kalih basa saha saged migunakaken kalih basa kasebut kanthi cara gontas-gantos wonten ing komunikasinipun dipunsebat Dwibasawan.

3. Film *Tendangan Dari Langit*

Film minangka salah satunggaling hiburan kangge masarakat saged dados media komunikasi kangge nglectantunaken budaya saha basa. Film *Tendangan Dari Langit* inggih menika salah satunggaling budaya bangsa minangka wujudipun cipta, rasa, saha karsa priyantun. Film menika gadhah *peran* ingkang wigatos wonten ing babagan nggula wenthah pambangunan, kadosta ing pambangunan pendidikan, panaliten ngrembakaken ngelmu pengetahuan saha *teknologi*, sarta panyebaran *informasi*. Film menika dipunrilis 26 Agustus 2011, produseripun Leo Sutanto saha Hanung Bramantyo minangka sutradaranipun. Salebeting film *Tendang Dari Langit* minangka paragatama inggih menika Wahyu (Yosie Kristanto), Indah (Maudy Ayunda), Hasan (Agus Kuncoro), Darto

(Sujiwo Tejo), Mitro (Jordi Onsu), Purnomo (Joshua Suherman), Meli (Natasha Chairani), Irfan Bachdim saha Kim Kurniawan.

BAB II **GEGARANING TEORI**

A. Pangertosan Sociolinguistik

Sociolinguistik menika saking tembung ‘sosio’ saha ‘linguistik’. *Sosio* menika sami kaliyan tembung *sosial* ingkang gadhah teges sesambungan kaliyan masarakat, klompok masarakat saha *fungsi-fungsi* kemasarakatan. *Linguistik* inggih menika ngelmu ingkang ngandharaken bab basa mliginipun unsur-unsur basa (*fonem, morfem, tembung saha ukara*) saha gayut kaliyan unsur-unsur menika (*struktur*). *Sociolinguistik* inggih menika bidang ngelmu ingkang ngrembag basa ingkang wonten gegayutanipun kaliyan panganggening basa ing masarakat (Chaer & Agustina, 2004: 2).

Tiyang ing klompok masarakat tansah nindakaken *proses sosial* ingkang arupi *interaksi* kaliyan tiyang sanes. Wujuding *interaksi* kasebut inggih menika *komunikasi*. Basa inggih menika salah satunggal wujuding piranti *komunikasi*. Miturut Keraf (2001: 2) basa inggih menika piranti *komunikasi* arupi *simbol bunyi* ingkang dipunginakaken dening masarakat saha dipunasilaken saking pirantining micara manungsa ingkang saged dipunwuwuhi kanthi solah bawa. Basa dipunrembag ing seserepan linguistik. Andharanipun Nababan (1984: 1) *linguistik* inggih menika seserepan ingkang ngrembag babagan *hakekat* saha titikanipun basa sarta gegayutaning perangan menika minangka dados pirantining manungsa.

Pangertosan *sociolinguistik* miturut pamanggih para ahli beda-beda. *Sociolinguistik* ngrembag kadudukan basa wonten ing sesambungan kaliyan panganggening ing masarakat (Soewita, 1982: 2). Nurhayati (2009: 4)

ngandharaken menawi *sosiolinguistik* menika ngelmu ingkang njlentrehaken basa ingkang dipunginakaken minangka piranti *interaksi* anggota masarakat wonten ing padintenan saha *faktor-faktor sosial* ing masarakat tutur.

Saking andharan ing inggil saged dipundamel dudutanipun bilih *sosiolinguistik* inggih menika peranganing *linguistik* ingkang ngrembag gegayutaning basa saha masarakat. Ingkang dipunrembag ing *sosiolinguistik* inggih menika panutur, maneka warni basa ingkang dipunginakaken masarakat, lawan tutur, saha ancasing pawicantenan. *Objek* ing *sosiolinguistik* inggih menika *interaksi sosial*, cara anggenipun ngginakaken basa, wujuding basa, sarta *variasi* basa ingkang lestantun saha dipunuri-uri dening masarakat.

B. Masarakat Tutur

Masarakat tutur inggih menika tiyang kathah ingkang ngginakaken *norma* panganggening basa kanthi wicantenan boten kedah sami. Wontenipun *tingkatan sosial* masarakat tutur Jawi njalari kawontenan maneka warni basa ingkang dipunginakaken. Panganggening *variasi* basa menika kajumbuhaken kaliyan tiyang ingkang wicantenan. Tiyang ingkang *tingkat* sosialipun langkung andhap ngginakaken *tingkat* basa ingkang langkung inggil, inggih menika krama. Wondene tiyang ingkang *tingkat* sosialipun langkung inggil ngginakaken *tingkat* basa ingkang langkung andhap, umpaminipun ngoko (Poedjosoedarmo, 1979: 8).

Chaer lan Agustina (1995: 36-37) ngandharaken bilih masarakat tutur inggih menika klompok tiyang ingkang gadhah *verbal repertoire* saha *sistem penilaian* ingkang sami kaliyan norma-norma panganggening basa ingkang dipunginakaken wonten ing masarakat.

Saking pangertosan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan menawi masarakat tutur inggih menika klompok panutur ingkang ngginakaken basa kangge pawicantenan kanthi cara piyambak-piyambak utawi cara ingkang beda kangge nedahaken kawontenan maneka warni basa ingkang dipunginakaken kaliyan masarakat panutur sanesipun.

C. Peranganing Tutur

Interaksi antawisipun panutur saha lawaning panutur kanthi *tuturan pokok*, wekdal, panggenan saha kawontenan tertamtu dipunsebat *peristiwa tutur* (Chaer, 2004: 47). Pawicantenan saged dipunsebat *peristiwa tutur* menawi ngandhut peranganing *peristiwa tutur*. Dell Hymes (ing Soewito, 1982: 29) ngandharaken bab-bab ingkang dados peranganing *peristiwa tutur* kanthi *singkatan* SPEAKING.

Setting and scene. *Setting* menika gegayutan kaliyan wekdal saha panggenan tutur, menawi *scene* menika nedahaken swasana psikologis nalika pawicantenan. Tuladhanipun panggenan wawan pirembagan utawi swasana wawan pirembagan.

Participant inggih menika sinten kemawon ingkang gegayutan wonten ing pirembagan, saged pamicara saha pamireng utawi pengirim saha panampi pesan. Mulyana (2009: 21) ngandharaken bilih *participant* kasusun saking panutur, mitra tutur, sinten ingkang mirengaken saha tiyang-tiyang ingkang nembe dipunwicantenaken. Tuladhanipun ing wawan pirembagan inggih menika sedaya *anggota* utawi peranganing wawan pirembagan. Tuladha saking *participant* saged kapanggihaken wonten ing tuturan menika.

Melisa: "Mbah, panjenengan sampun dhahar?"

Simbah: "Uwis ndhuk."

Kawontenan menika menawi wonten tiyang enem matur kaliyan tiyang sepuh, tiyang enem kalawau ngginakaken basa krama saha simbah kalawau ngendika kanthi ngoko amargi langkung sepuh saha dipunkormati kaliyan tiyang enem.

Ends, ngandharaken maksud saha ancasing panuturan. Mulyana (2009: 21) ngandharaken *end* menika kasil ingkang dipunajengaken saha ancas ingkang dipunajengaken.

Act sequence, paugeranipun saking wujud saha wosing wicantenan. Wujud pawicantenan menika gegayutan kaliyan tetembungan ingkang dipunginakaken. Kados pundi panganggenipun saha gegayutanipun tetembungan ingkang dipunwicantenaken kangge *topik* pawicantenan.

Key, paugeranipun saking wiramaning swanten saha ragaming basa ingkang dipunginakaken nalika ngandharaken pamanggihipun, saha cara anggenipun ngandharaken pamanggih. Tuladhanipun nalika tiyang duka menika nada wicantenipun inggil, solah bawanipun kaku, beda kaliyan tiyang ingkang nembe sedhih swantenipun lirih, solah bawanipun lungkrah saha swasana ingkang ngandhut raos sedih.

Instrumentalities, menika piranti ingkang dipunginakaken kangge ngandharaken pamanggih. Tuladhanipun kanthi cara *lisan*, dipunserat, ngginakaken tilpon, lsp.

Norm of information and interpretation, paugeranipun saking norma utawi pranata ingkang kedah dipuntaati kangge pawicantenan. Tiyang kedah ngengeti punapa ingkang pikantuk dipunaturaken, punapa ingkang pantes dipunaturaken, saha punapa ingkang boten kenging dipunaturaken. Tuladhanipun nalika wonten tiyang ingkang sedhih boten kenging matur babagan ingkang nambah sedhih tiyang menika saha matur punapa ingkang ngicalaken perkawis tiyang kalawau.

Genre, saged dipuntegesi kanthi *register*, wujud wacana, ragam basa, lan sapanunggalanipun. Wujud-wujud panganggening basa menika ingkang salajengipun ngasilaken pambada wonten basa. Tuladhanipun basa telpon, sms, register irah-irahan kalawarti, wacana pidato, lan sanesipun, piyambak-piyambak gadhah *kekhasan* (pambada).

Kanthi cara ingkang beda (Fishman ing Suhardi, 2009: 20) ngrantam titikanipun *peristiwa tutur* mawi ukara “...*study of who speak, what language to whom and when*” asring dipunwuwuhi ugi mawi “...*for what end*” utawi “...*for what purpose*” ingkang tegesipun ‘sinten ingkang micara, saha kaliyan sinten anggenipun micara, wekdalipun, sarta ancasing *tuturan*.

D. Kontak Basa

Basa dipunginakaken tiyang kangge interaksi dhumateng tiyang sanes. Tiyang ingkang *dwibahasawan* utawi *multibahasawan* saged migunakaken kalih basa (*bilingual*) utawi langkung kathah basa (*multilingual*) menawi nembe komunikasi dhumateng tiyang sanes. Interaksi utawi ndayani saking basa satunggal dhumateng basa sanesipun menika kadadosan wonten ing komunikasi kasebut. Kontak basa saged kadadosan wonten ing pundi kemawon kalebet

wonten ing masarakat Jawa ingkang kagungan basa Ibu, inggih menika basa Jawa saha saged tepang kaliyan basa sanes, inggih menika basa Indonesia utawi basa asing.

Menawi kalih basa utawi langkung kathah basa ingkang dipunginakaken kanthi gantosan saking panutur ingkang sami, lajeng saged dipunandharaken bilih basa-basa kasebut *saling kontak*. *Kontak* basa menika kadadosan wonten ing panutur kanthi cara *individual*. *Kontak* basa miturut Mackey (ing Soewito, 1982: 34) inggih menika pangaruh basa satunggal dening basa sanes kanthi langsung utawi boten langsung, saengga ndadosaken owahan basa ingkang kagunganipun ekabasawan. Miturut pangertosan menika *kontak* basa ingkang kadadosan wonten ing sajroning panutur badhe paring owahan basa kangge *individu* panutur basa sanes. Panutur ingkang saderengipun ekabasawan lajeng kadadosan *kontak* basa ndadosaken piyambakipun dwibasawan. Bab menika kadadosan amargi wonten kadyan saking peranan-peranan basa ingkang dipunkontak.

Saking saperangan andharan wonten nginggil saged dipuntegesaken bilih *kontak* basa menika kadadosan menawi wonten kadyan saking kalih utawi langkung kathah basa ingkang dipunginakaken kanthi sesarengan kaliyan panutur ingkang sami. Boten namung menika, kontak basa damel wontenipun panutur ingkang dwibasa saha kadadosan wonten *situasi kontak sosial*. *Kontak* basa ngengingi sedaya prastawa *akulturasi* antawisipun saperangan basa ingkang ndadosaken wontenipun panggantosan panganggening basa kaliyan panutur wonten *kontak sosial* saha dipunpanggihi wonten kedwibasaan.

Kontak basa menika kadadosan wonten ing situasi *konteks sosial*, inggih menika *situasi* tiyang nyinau basa kalih ing masarakatipun. Wonten ing *situasi* kasebut saged dipunbedakaken kayata *situasi* sinau basa, *proses perolehan* basa saha tiyang ingkang sinau basa. Wonten ing *situasi* sinau basa kadadosan *kontak* basa, *proses perolehan* basa kalih dipunsebat *pendwibahasaan (bilingualisasi)* saha tiyang ingkang nyinaoni basa kalih dipunsebat *dwibahasawan*.

Saking andharan kasebut bilih *kontak* basa menika kadadosan menawi wonten ingkang ndayani saking kalih utawi langkung kathah basa ingkang dipunginakaken kanthi cara sesarengan dening panutur ingkang sami. Sanesipun menika, *kontak* basa ndadosaken wontenipun panutur ingkang dwibasawan saha kadadosan wonten ing situasi *konteks sosial*. *Kontak* basa ngelingkupi sedaya prastawa *persentuhan* saking mapinten-pinten basa ingkang ndadosaken wontenipun panggantosan pangganggening basa saking panutur wonten ing *konteks sosial* saha dipunamati saking *kedwibahasaan*.

E. Panganggening Basa

Leech (1993: 15) ngandharaken bilih kagiyatan ngengingi panganggening basa kanthi *komunikatif* kalebet wonten ing bab *pragmatik umum*. Panganggening basa ingkang dipunginakaken wonten ing komunikasi kanthi umum dipunsebat *pragmatik umum*. Panganggening basa ingkang beda-beda wonten ing masarakat Cina, India, utawi Amerika menika tuladha-tuladha kajian *sosiopragmatik* amargi nyariosaken kawontenan-kawontenan sosial ingkang beda-beda.

Sanesipun menika, kagiyatan berbasa menika minangka ngaturaken pesan (*message*) dhumateng tiyang sanes. *Kualitas* saking kagiyatan berbasa ingkang

sae saha pener katingal saking kados pundi caranipun ngaturaken pesan kanthi *efektif*.

Saking andharan wonten ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih panganggening basa inggih menika kados pundi basa menika dipunginakaken, lajeng wonten gayutanipun kaliyan ingkang badhe dipunancasi. Menawi dipungayutaken kaliyan panaliten menika panganggening dwibasa ing salebeting film *Tendangan dari Langit* sesambetan kaliyan sinten ingkang badhe pawicantenan.

F. Variasi Basa

Panganggening basa wonten ing masarakat, kanthi wujud utawi makna gadhah pambeda. Wonten ing *komunikasi* saben tiyang menika gantos *ragam* basanipun piyambak miturut kabetahan saha ancasipun. *Variasi* basa inggih menika cara tiyang ngandharaken unen-unen tembung saha *titik gramatikal* ingkang ndayani dening *faktor eksternal*. *Faktor eksternal* menika kayata *faktor geografis* saha *faktor sosial*.

Kawontenan masarakat ingkang maneka warni ndayani wernining *variasi* basa. Soewito (1982: 2) ngandharaken menawi *variasi* basa boten namung dipuntemtokaken dening *faktor linguistik*, ananging dipuntemtokaken dening *faktor nonlinguistik*. *Faktor linguistik* menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan unen-unen, tata wujudipun tembung, tata ukara, saha tata makna. *Faktor nonlinguistik* inggih menika ngengingi panganggening basa ingkang wonten gayutanipun kaliyan *faktor sosial*. Awit saking menika ingkang ngengingi bab *faktor sosial* saged dipunpirsani saking

jinisipun *kelamin*, yuswanipun, pakaryan, pendidikan, *status sosial* utawi *sosial-ekonomi* saha kathah kagiyatan.

Miturut Nababan (1984: 15-16) *variasi* ing masarakat dipundayani dening *bab linguistik* saha *bab nonlinguistik*. Bab-bab *nonlinguistik* ingkang paring daya nalika tiyang ngginakaken basa inggih menika bab *sosial* saha bab *situasional*. Bab-bab kasebut saged nuwuhaken *variasi* basa tegesipun menika bilih wujuding perangan utawi *variasi* ing basa gadhah *pola-pola* ingkang sami kados *pola umum* basa indukipun (Poedjasoedarmo ing Soewito, 1982 : 20). Gayut kaliyan *bab nonlinguistik* ingkang gadhah daya, Nababan (1984 : 14) ngandharaken bilih sedaya pambada basa nuwuhaken *ragam* basa ingkang dipunsebat kanthi nama ingkang beda-beda. *Ragam* basa ingkang gayut kaliyan panggenan utawi *lokasi geografis* dipunsebat *dialek*; *ragam* basa ingkang gayut kaliyan *sosial* dipunsebat *sosiolek*; *ragam* basa ingkang gayut kaliyan kahanan anggenipun ngginakaken basa utawi *tingkat formalitas* dipunsebat *fungsi*lek; saha *ragam* basa ingkang dipunasilaken dening basa ingkang ewah ingkang gayut kaliyan wekdal dipunsebat basa werna-werni, utawi menawi pambadanipun taksih dipunanggep pambada *ragam* ing setunggal basa, kita saged nyebat *ragam* menika kanthi *analog kronolek*.

Wonten ing ngandhap menika badhe dipunandharaken *variasi* basa kanthi dhasar bab-bab *nonlinguistik* miturut paminggihipun Nababan (1984: 14).

a. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening *bab geografis (Dialek)*.

Dialek inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken ing salah satunggaling *wilayah geografis* tertamtu. Kawontenaning *dialek* nyata saha

dipunakoni ing salah satunggaling panggenan tertamtu. *Dialek* inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening saklompok anggota masarakat ing panggenan utawi area tertamtu. *Dialek* basa Jawi kathah jinisipun, antawisipun *dialek* Yogyakarta-Surakarta, *dialek* Banyumasan, saha *dialek* Jawa Timuran.

Tuladha *dialek* inggih menika wonten *dialek* banyumasan ingkang ngginakaken basa ngapak, *dialek* basa Jawa Timuran ingkang ngginakaken basa arek, *dialek* pantura ngginakaken *dialek* semarangan, saha *dialek* Jogja-Solo. Wonten ing tlatah Jawa Timuran tembung kowe menika ngginakaken tembung '*koen*', ananging wonten ing Banyumasan ngginakaken tembung '*rika*'.

b. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *sosial* (*sosiolek*)

Sosiolek inggih menika *variasi* basa ingkang gayut kaliyan *status*, *golongan*, saha kelas *sosial* panuturipun. *Variasi* menika gayut kaliyan perkawis panuturipun ingkang asipat pribadi, kadosta: yuswanipun, padamelanipun, kahanan *sosial* ekonominipun, jinising *kelamin*, lan sapanunggalanipun. Kanthi dhasar klas *sosial* panuturipun, Koentjaraningrat (ing Soewita, 1982: 22) merang kelas *sosial* masarakat Jawi dados sekawan kanthi cara *vertikal*: wong cilik, wong sudagar, priyayi, saha ndara sarta kanthi cara *horizontal* wong abangan ugi santri. Tiyang ingkang gadhah kelas *sosial* ingkang langkung inggil ngginakaken basa ingkang langkung andhap tingkatanipun saha sawalikipun. *Variasi* basa menika asring dipuntepang kanthi nama undha usuk.

Pamanggihipun Chaer (2004: 66- 68) “Gayut kaliyan *variasi* basa ingkang katiti saking *tingkat*, *golongan*, *status* saha klas *sosial* panuturipun, asring dipunsebat *variasi* basa kanthi nama *akrolek*, *basilek*, *vulgar*, *slang*, *kolokial*,

jargon, argot, saha ken.” *Akrolek* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunanggep langkung inggil saking *variasi sosial* sanesipun. Tuladhanipun inggih menika basa Bagongan ingkang khusus dipunginakaken dening para bangsawan wonten ing kalangan kraton Jawa. *Basilek* inggih menika *variasi* ingkang dipunanggep langkung andhap gengsinipun, tuladhanipun inggih menika krama ndesa. *Vulgar* inggih menika *variasi sosial* ingkang titikanipun dipuntingali saking tiyang ingkang ngginakaken basa inggih menika tiyang ingkang boten gadhah *pendidikan*, tuladhanipun inggih menika “Bocah goblok banget! Wis dikandhani ping seket ra mudheng-mudhengi.”

Slang inggih menika *variasi sosial* ingkang asipat mligi saha wados, tuladhanipun basa dagadu ing Ngayogyakarta saha basa Walikan ing Malang. *Kolokial* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken ing pawicantenan saben dinten, tuladhanipun ndak (tidak), nggo (kanggo), le (thole), saha moh (emoh). *Jargon* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken kawates ing klompok *sosial* tertamtu, tuladhanipun tembung-tembung ingkang dipunginakaken *tukang batu saha tukang bangunan* kadosta dipunsipat, dipunekspos, dipunsiku, dipuntimbang, lsp. *Argot* inggih menika *variasi sosial* ingkang dipunginakaken kawates ing padamelan tertamtu, tuladhanipun saking basa argot Yogyakarta inggih menika tembung Dab, Bonyon, Sahan, Pisu, saha Bocahe Dhewe. *Ken* (*Inggris =cant*) inggih menika *variasi sosial* tertamtu ingkang dipunginakaken kanthi wirama melas, tuladhanipun basa ingkang dipunginakaken dening tiyang ingkang nyuwun-nyuwun.

c. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *situasional (fungsirolek)*

Ragam basa ingkang dipundayani dening bab *situasional (fungsirolek)* inggih menika *ragam* basa ingkang gayut kaliyan sarana anggenipun ngginakaken, *tingkat* kaformalanipun utawi *gaya*, saha *bidang* anggenipun ngginakaken (Chaer, 2004: 68). *Ragam* basa *situasional (fungsirolek)* dipunrembag ing *linguistik etnografi* utawi *analisis wacana* utawi *pragmatik*. Cak-cakanipun *ragam* basa inggih menika *style* utawi wujuding basa nalika dipunginakaken.

(Nababan, 1984: 22-23) ngandharaken *ragam* basa ing masarakat ingkang dipunperang kanthi dhasar formalitasipun inggih menika: 1) *ragam beku (frozen)* inggih menika *ragam* ingkang langkung *resmi* ingkang dipunginakaken wonten ing adicara-adicara ingkang *khidmat* saha upacara *resmi*, 2) *ragam resmi (formal)* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken ing *pidato resmi*, *rapat dinas*, utawi *rapat resmi* ing salah satunggaling klompok, 3) *ragam usaha (consultative)* inggih menika *ragam* ingkang dipunginakaken nalika pawicantenan ing sekolah, *perusahaan*, lsp 4) *ragam santai (casual)* inggih menika *ragam* ingkang dipunginakaken salah satunggaling tiyang kaliyan kanca sanesipun nalika pawicantenan, plesir, olah raga, lsp 5) *ragam akrab (intimate)* inggih menika *ragam* basa ingkang dipunginakaken kanthi akrab ing salebeting kulawarga saha kanca ingkang rumaket ingkang boten mbetahaken ukara ingkang lengkap saha cetha nalika micara.

d. *Ragam* basa ingkang dipundayani dening bab *wekdalipun (kronolek)*

Kronolek inggih menika *variasi* basa ingkang dipunginakaken dening klompok *sosial* ing wekdal tertamtu (Chaer, 2004: 64). *Kronolek* dipunsebabaken

dening bab kaurutaning wekdal saha mangsa ingkang nyebabaken wujud anggenipun ngginakaken basa beda. Tuladhanipun saking basa Jawi kuna ing mangsa saderengipun akhir Majapait, tuladhanipun inggih menika “Mangakana pawekas sang sawitri sira” (*demikian pesan sang sawitri kepadanya*), saha saking basa Jawi anyar ing mangsa samenika, tuladhanipun inggih menika “Pak Karno iku mung kagungan putra tiga lanang wadon lanang”.

G. Alih Kode saha Campur Kode

Panganggening *kode* tertamtu inggih menika *konsekuensi* ingkang boten saged dipuntilar saking masarakat dwibasa. Saben panutur mliginipun pingin ngimbangi basa ingkang dipunginakaken dening lawan tuturipun. Masarakat ingkang saged wicantenan kanthi dwibasa temtunipun saged nggantos *kode* ingkang dipunginakaken trep kaliyan kahanan. Masarakat ingkang ngginakaken dwibasa nggantos *kode* ingkang dipunginakaken kanthi nimbang supados *kode* ingkang dipunginakaken saged dipunpahami dhumateng lawan tuturipun. Basa-basa ingkang beda kasebut dipunginakaken nalika *situasi* saha kawontenan tertamtu, saha *pilihan* panganggening dipunkendalikaken kaliyan *lingkungan sosial*.

Kanthi wontenipun nguwaosi kaprigelan kalih basa, alih kode saha campur kode saged dipunpangguhaken wonten tuturanipun para paraganipun ing film *Tendangan Dari Langit*. Wonten panaliten menika badhe dipunandharaken wujud alih kode saha campur kode.

1. *Alih kode*

Alih kode (code switching) menika salah satunggaling wujud panganggening basa dening dwibasawan. Prastawa alih kode saged awujud alih varian, alih ragam, alih gaya, utawi alih register amargi wonten ing lebetipun kode kawontenan varian mawi saking varian regional, varian kelas sosial, ragam, gaya utawinipun register. Peralihan kasebut saged dipuntingali saking tingkat tata swara, tata tembung, tata wujud, tata kelas utawi tata wacananipun (Soewito, 1982: 68-69). Alih kode inggih menika *gejala peralihan* panganggening basa ingkang dipunsebabaken owahipun *situasi*. Alih kode menika boten namung kadadosan wonten ing basa ananging kadadosan wonten ing *ragam-ragam* utawi *gaya-gaya* ing satunggal basa. Panganggening basa saking basa resmi kanthi basa boten resmi utawi ragam basa kanthi basa sanes menika ingkang dipunsebat alih kode. Kamarudin (1989: 59) ngandharaken bilih alih kode menika kadadosan wonten ing tingkat tembung, frase, ukara utawi wacana.

Soewito (1982: 69) ngandharaken wontenipun kalih jinis alih kode, inggih menika *alih kode intern* saha *alih kode ekstern*. Alih kode *intern* kadadosan menawi prastawa alih kode menika kadadosan saking basa-basa daerah wonten ing basa nasional utawi dialek ing daerah utawi saking ragam saha gaya ingkang wonten ing dialek. Alih kode *intern* inggih menika alih kode ingkang kalangsungaken saking basanipun piyambak, kadosta basa Indonesia wonten ing basa Jawa utawi sawalikipun. Tuladhanipun *alih kode intern* inggih menika “Ya tak dongakna muga-muga ora berakhir kaya bapakne. Kejarlah cita-citamu itu Wahyu.” Saking tuturan menika alih kode ingkang dipunmaksud saking basa Jawi

ing basa Indonesia. Alih kode menika kadadosan menawi Bu Darto paring donga pangestu dhumateng Wahyu.

Lajeng menawi *alih kode ekstern* kadadosan saking basanipun piyambak (salah satunggaling basa utawi *ragam* ingkang wonten ing *verbal repertoire* masarakat tuturipun) kaliyan basa sanes. tuladhanipun saking basa Indonesia ing basa asing utawi sawalikipun. Tuladhanipun *alih kode ekstern* inggih menika “Siap ya Wahyu. One, two, three go!” saking tuturan menika alih kode ingkang dipunmaksud saking basa Indonesia ing basa Inggris inggih menika siap ya Wahyu. One, two, three go! ‘satu, dua, tiga, mulai!’. Alih kode menika kadadosan menawi Wahyu badhe wiwit mlayu.

Alih kode saged kadadosan amargi dipundayani saking mapinten-pinten faktor. Nababan (1984: 31-32) ngandharaken bilih dhasaring kadadosanipun alih kode inggih menika wontenipun situasi basa ingkang beda-beda. Bab kasebat dipundayani saking faktor-faktor inggih menika : *Pemeran serta (participant)* saged awujud panutur, lawan tutur, saha pamireng sanes. Topik pawicantenan, wonten ing topik menika boten namung satunggal topik ananging kathah topik. Situasi tutur, panutur menika saged nyelarasaken pawicantenan kaliyan situasi ingkang wonten. Ancas, ancasipun pawicantenan menika maneka warni. Media, media menika saking media lisan saha media tulis. Ragam basa menika bedanipun wujud basa saha maknanipun ingkang dipunsebabaken saking panutur.

2. *Campur kode*

Campur kode (code-mixing) menika prastawa ingkang kadadosan wonten ing masarakat dwibasa (*bilingual*) utawi masarakat ingkang *multilingual*. Nababan

(1984: 32) ngandharaken bilih campur kode inggih menika kawontenan basa sanes menawi tiyang menika nyampur kalih utawi langkung kathah basa wonten ing tindakan basa (*speech act* utawi *discourse*). Campur kode menika panganggening kalih unsur basa utawi langkung kathah. Wonten ing prastawa campur kode menika kadadosan nglebetaken unsur-unsur basa satunggal ing basa sanes, ananging unsur-unsur menika namung ndukung fungsi. Titikanipun campur kode menika wontenipun *kesantiaian* utawi *situasi informal*. Wonten ing *situasi formal* boten asring kadadosan campur kode.

Wonten ing Indonesia, campur kode menika asring dipunginakaken kangge pawicantenan, ingkang dipunginakaken inggih menika basa Indonesia saha basa daerah. Menawi ingkang pawicantenan menika tiyang *terpelajar*, campur kode ingkang kadadosan awujud basa Indonesia (utawi basa daerah) kaliyan basa asing (*inggris* utawi *belanda*).

Istilah campur kode menika boten sami kaliyan istilah alih kode. Miturut Chaer lan Agustina (2004: 114) *kesamaan* saking alih kode saha campur kode menika dipunginakaken kalih basa utawi langkung kathah, utawi kalih varian saking basa ing satunggal masarakat tutur. Kathah pangertosan babagan pambeda alih kode saha campur kode, ananging ingkang wonten ing alih kode menika basa utawi ragam basa dipunginakaken taksih gadhah *fungsi otonomi* piyambak-piyambak ingkang dipuntindakaken kanthi sadar saha sengaja. Menawi campur kode menika kode dasar ingkang dipunginakaken ing prastawa tutur awujud *serpihan-serpihan tanpa fungsi*.

Campur kode menika nggabungaken kalih kode (basa) wonten ing komunikasi ananging lawan micara saged mangertosi menapa ingkang dipunandharaken saking pamicara. Adhedhasar unsur-unsur basa, Soewito (1982: 78) merang campur kode dados mapinten-pinten macem inggih menika *penyisipan* unsur-unsur ingkang awujud tembung, *penyisipan* unsur-unsur ingkang awujud frase, *penyisipan* unsur-unsur ingkang awujud baster, *penyisipan* unsur-unsur ingkang awujud pangulangan tembung, *penyisipan* unsur-unsur ingkang awujud *ungkapan* utawi *idiom*, *penyisipan* unsur-unsur ingkang awujud klausa.

H. Kedwibahasaan

1. Pangertosan Dwibasa

Kedwibahasaan menika sami kaliyan istilah *bilingualisme*. Saking cara *harfiah* saged dipunpahami menapa ingkang dipunwastani dwibasa inggih menika panganggening kalih basa utawi kalih *kode* basa. Wonten pangertosan sanes bilih *kedwibahasaan* (*bilingualisme*) dipunginakaken kangge istilah kaprigelan ngginakaken kalih basa.

Pangertosan ing nginggil menika sami kaliyan pamanggihipun Erwin kaliyan Ogood (ing Nababan, 1986: 28) ingkang ngginakaken istilah *bilingualisme* kangge kaprigelan wonten ing kalih basa. Pangertosan menika dereng mbedakaken saking istilah *bilingualisme* saha *bilingualitas*. Pangertosan sanesipun babagan *bilingualisme* dening Mackey (ing Chaer, 1995: 112). Kanthi cara sosiolinguistik, dwibasa tegesipun panganggening kalih basa kanthi cara gontas-gantos saking panutur dhumateng tiyang sanes utawi praktek

panganggening basa kanthi cara gontas-gantos saking basa satunggal ing basa sanesipun saking panutur.

Istilah *bilingualisme* utawi dwibasa miturut Nababan, Sri Utari Subyakto (1992) dipunginakaken kangge kalih konsep. Ingkang kaping satunggal, dwibasa adhedhasar kaliyan kaprigelan panganggening kalih basa. Ingkang kaping kalih, adhedhasar kaliyan limrahipun panganggening kalih basa.

Saking pangertosan *kedwibahasaan* saperangan ahli wonten ing nginggil menika bilih *bilingualisme* utawi *kedwibahasaan* menika dipunginakaken kangge gontas-gantos basa kanthi maksud dipunmagertosi tiyang sanes. *Kedwibahasaan* menika *kondisi* panganggening kalih basa kanthi cara gontas-gantos saking panutur *dwibahasaan* wonten ing interaksi sosialipun. Dwibasa menika boten namung nguwaosi wonten ing *proses* ananging wonten ing *kondisi* saha pakulinan panganggening kalih basa kanthi cara gontas-gantos dening panutur *bilingual*. Chaer gadhah dudutan bilih *bilingualisme* menika *rentangan berjenjang* wiwit saking nguwaosi basa satunggal lajeng mangertosi basa kaping kalih saha dipunlajengaken kaliyan panganggening basa kaping kalih ingkang *berjenjang* dumugi nguwaosi basa kaping kalih sami saenipun kaliyan nguwaosi basa ingkang kaping satunggal.

Tuladhanipun dwibasa saking tuturanipun para paraga ing film *Tendangan Dari Langit* inggih menika “Aku pamit sek yo le. Kuwi kudamu disana. Sekali lagi selamat atas keberhasilanmu.”

2. Dwibahasawan

Pangertosan *dwibahasawan* miturut Mackey (ing Chaer, 1995: 112) inggih menika tiyang ingkang migunakaken kalih basa, inggih menika basa satunggal saha basa kaping kalih. Saking pangertosan menika priyantun saged dipunsebat *dwibahasawan* menawi priyantun menika saged migunakaken kalih basa wonten ing tindak komunikasinipun. Bloomfield (ing Chaer, 1995: 65) ngandharaken menawi *dwibahasawan* minangka tiyang ingkang saged nguwaosi basa. Tiyang kedah nguwaosi kalih basa supados saged migunakaken kalih basa kasebut. Satunggal, basa ibunipun piyambak utawi basa satunggal (B1), saha basa kalih inggih menika basa sanesipun ingkang dados basa kalhipun (B2). Tiyang ingkang saged migunakaken kalih basa menika dipunsebat tiyang ingkang *bilingual* (wonten ing basa Indonesia dipunsebat *dwibahasawan*).

Pangertosan sanesipun babagan *dwibahasawan* inggih menika pambicara ingkang gadhah pakulinan kangge migunakaken kalih basa kanthi cara gontas-gantos. Pangertosan menika sami kaliyan pangertosan saking Hastuti. *Dwibahasawan* menika priyantun ingkang gadhah kaprigelan migunakaken kalih basa kanthi cara gontas-gantos (Hastuti, 1989: 1).

Saking pangertosan ing nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih *dwibahasawan* menika tiyang ingkang nguwaosi kalih basa saha saged migunakaken kalih basa kasebut kanthi cara gontas-gantos wonten ing komunikasinipun.

3. Wujud Dwibasa

Wujud dwibasa saged dipunperangaken dados kalih, wonten wujud tembung saha frasa. Wujud dwibasa badhe dipunandharaken ing ngandhap menika.

a. Tembung

Tembung miturut Mulyana (2009: 32) inggih menika minangka *satuan* basa ingkang langkung *mandiri, bebas*, saha gadhah teges ingkang wutuh saha jangkep. Tembung saged kaperang saking satunggal *morfem* dipunsebat tembung lingga utawi *morfem sederhana*. Tembung mujudaken rerangkening swara ingkang kawedhar dening lisan ingkang ngemu teges saha kasumurupan suraosipun (Wibawa dkk, 2004: 1-5). Wujud tembung kaperang dados gangsal, inggih mekaten :

1) Tembung Lingga

Tembung lingga inggih menika tembung ingkang taksih wetah utawi tembung ingkang dereng rinaketan wuwuhan menapa kemawon (Wibawa dkk, 2004: 1). Tembung lingga asring dipunsebat tembung wod. Tembung menika dereng ngalami ewah-ewahan saha taksih wungkul.

Tuladhanipun inggih menika: bapak, ibu, mulih, piye, *makan, tidur*, lan sapanunggalipun.

2) Tembung Andhahan

Tembung andhahan inggih menika tembung ingkang sampun ewah saking lingganipun amargi rinaketan wuwuhan utawi *afiks* (Wibawa dkk, 2004: 2).

Tembung andhahan ingkang kalebet wonten dwibasa tuladhanipun : jupuken, polahmu, *kakimu*, gawekna, gundulmu, lan sapanunggalipun.

3) Tembung Rangkep

Tembung rangkep ing basa Jawi wonten tigang warni, inggih menika dwipurwa, dwilingga, saha dwiwasana (Wibawa dkk, 2004: 4). Ingkang kawastan tembung dwipurwa menika tembung ingkang kadadosan saking pangrangkeping purwaning lingga utawi pangrangkeping wanda kawitane lingga, tuladhanipun *tuku dados tetuku*. Dwilingga inggih menika pangulangan kanthi utuh saha boten ngubah makna saking tembung lingganipun, tuladhanipun *mlaku-mlaku*. Dwiwasana inggih menika pangrangkeping pungkasaning lingga, tuladhanipun *celuk dados celuluk*. Kathah-kathahipun tembung rangkep ingkang kalebet dwibasa kapanggihaken ing tembung dwilingga.

b. Kelompok Tembung

Mulyana (2009: 35) ngandharaken *frase* inggih menika *konstruksi gramatikal* ingkang dipundamel saking gabungan kalih tembung utawi langkung ingkang asipat *non predikatif*. Mekaten ugi pamanggihipun Nurhayati (2006: 153) ingkang ngandharaken bilih *frase* inggih menika gabungan saking kalih tembung utawi langkung ingkang ngisi salah satunggaling paedah *sintaksis*. Menawi kata majemuk inggih menika gabungan saking kalih tembung ingkang ndadosaken makna ingkang enggal.

Tuladhanipun frasa inggih menika *sega kuning*, *gunung njeblug*, *jangkrik ngengkrik*, menawi tuladhanipun kata majemuk inggih menika *anak bawang*, *rumah sakit*, lan *sapanungalanipun*.

c. Klausa

Klausa inggih menika *satuan gramatik* ingkang kadadosan saking wasesa, utawi dipunsambung jejer, lesan, *pelengkap*, saha katrangan, utawi boten (Ramlan, 1983: 78). Pamanggih sanesipun babagan pangertosan *klausa* inggih menika pamanggihipun Endang Nurhayati saha Siti Mulyani (2006: 149-152). Pamanggih menika ngandharaken bilih *klausa* inggih menika klompok tembung ingkang ngemot setunggal *predikat/wasesa* utawi wujud *linguistik* ingkang kadadosan saking jejer saha wasesa. *Klausa* dipungolongaken dados 2 jinis, inggih menika *klausa bebas* saha *klausa* kaiket. *Klausa bebas* saged dipunperang dados *klausa verbal* saha *klausa nonverbal*, lajeng *klausa* kaiket saged dipunperang dados *klausa nominal*, *adjektival*, saha *adverbial*.

Tuladhanipun *klausa* inggih menika Aku nulis layang tresna, Adhik nangis, Bapak nembe sare, lan sapanunggalipun.

4. Fungsi Dwibasa

Fungsi menika saged dipuntegesaken pangganggening. Awit saking menika fungsi basa saged dipuntegesaken piranti komunikasi tiyang kanthi tulis utawi lisan. Ananging fungsi kasebut sampun ngandhut gangsal fungsi dasar miturut Kinneavy (ing Chaer, 2004: 15) inggih menika *expression*, *information*, *exploration*, *persuasion*, saha *entertainment*. Halliday (1973) ngandharaken fungsi dwibasa kados mekaten.

a. Fungsi *instrumental*

Fungsi *instrumental* menika ngasilaken kawontenan tertamtu, saha nyebabaken kadadosan prastawa tertamtu. Fungsi basa menika kangge nindakaken

ingkang dipunkarepaken dening panutur. Fungsi instrumental menika dipuntepang kanthi sebatan *perintah* utawi *imperatif* minangka padamelan *komunikatif* ingkang ngasilaken kawontenan tertamtu saha kangge ngandharaken panyuwunan. Fungsi menika saged katingal saking panganggening basa menawi tiyang menika ngutus dhumateng tiyang sanes kanthi cara langsung utawi boten langsung.

Tuladhanipun wonten tuturan saking film *Tendangan Dari Langit* inggih menika “Wahyu, **ayo** mulih saja.” Saking tuturan menika tembung ‘ayo’ dados titikanipun saking *fungsi instrumental*.

b. Fungsi *regulasi*

Fungsi *regulasi* menika dipuntindakaken panutur kangge ngatur saha ngendalikaken tiyang sanes. Wonten ing babagan menika basa gadhah fungsi dados *pengawas*, *pengendali*, saha *pengatur* prastawa.

Tuladhanipun saking film *Tendangan Dari Langit* inggih menika wonten tuturan “Masih ada harapan le, aja sedhih.”

c. Fungsi *representasion*

Fungsi *representasion* menika panganggening basa kangge ngandharaken utawi nyampekaken kasunyatan saha pangertosan, njelasaken sarta nglaporaken. Kanthi ujaran nggambaraken (*to represent*) kahanan ingkang nyata.

Tuladhanipun saking film *Tendangan Dari Langit* wonten ing tuturan “Le, Pak Gatot ini rajanya taruhan.” Saking tuturan menika wonten ancas supados paring informasi dhumateng tiyang sanes, bab menika ingkang dados titikanipun fungsi *representasion*.

d. Fungsi *interaksional*

Fungsi interaksional menika gayutaken reraketan, nyiptakaken rasa pasaduluran, saha nyiptakaken kalajengan *komunikasi sosial*.

Tuladhanipun saking film *Tendangan Dari Langit* wonten ing tuturan “Ada apa nduk kok teriak?”

e. Fungsi *personal*

Fungsi personal menika paring kasempatan kangge pamicara kangge ngandharaken utawi ngekspresikaken raos, emosi, saha *pribadi*. Wonten ing fungsi menika, basa dipunginakaken kangge nedahaken kapribaden tiyang, saking basa ingkang dipunginakaken tiyang saengga saged dipunmangertosi bilih tiyang menika nembe nandang raos duka, sedhih, seneng, lsp.

Tuladhanipun saking film *Tendangan Dari Langit* wonten ing tuturan menika “Tak sobek cangkemu.” Saking tuturan menika panutur ngandharaken raos duka dhumateng tiyang sanes.

f. Fungsi *heuristik*

Fungsi heuristik menika nggayutaken panganggening basa kangge pikantuk pangertosan saha nyinau lingkup basanipun. Fungsi heuristik menika asring dipunandharaken awujud pitakenan-pitakenan ingkang mbetahaken wangsulan.

Tuladhanipun inggih menika wonten ing tuturan “Bu, bapak kapan nggih kersa sholat? Kapan dados imam malih?”

g. Fungsi *imajinatif*

Fungsi *imajinatif* menika dipunginakaken kangge ngandharaken pengalih, gagasan, saha pangraos kanthi nyata utawi *khayalan* (angen-angen). Fungsi menika adatipun awujud karya seni (geguritan, crita, dongeng, guyonan) ingkang dipunginakaken kangge kasenengan panutur saha ingkang mirengaken.

Tuladhanipun inggih menika wonten tuturan “Muga-muga ora berakhir kaya bapakne.”

Saking bab-bab wonten nginggil menika saged dipunpendhet dudutan bilih saben panutur ngajab kasil suraos kangge pesan ingkang dipunandharaken sami kaliyan ancasipun nindakaken tuturan. Ancasipun panutur menika gegayutan kaliyan fungsi-fungsi basa. Ancas ingkang beda nuntut panganggening ingkang beda ugi, saha asiling utawi tanggapan ingkang dipunkarepaken saking lawan tutur ugi beda.

Saking observasi data, fungsi basa ingkang kathah dipunginakaken inggih menika fungsi *personal*, saengga teori ingkang *relevan* kangge dipunginakaken inggih menika *teori fungsi* basa miturut Halliday. Fungsi miturut Halliday ingkang jumbuh kaliyan dwibasa inggih menika fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representation*, fungsi *interaksional*, fungsi *personal*, fungsi *heuristik*, saha fungsi *imajinatif*.

I. Panaliten ingkang Jumbuh

Panaliten ingkang jumbuh saha dipundadosaken *acuan* wonten panaliten inggih menika panaliten ingkang irah-irahanipun *Penggunanaan Dwibahasa Oleh*

Anak Usia 4 Tahun saking prodi basa jawa FBS UNY (Ari Widiastuti, 2009: 74-76). Panganggening basa Jawi wonten ing *interaksi* kaliyan tiyang sanes amargi basa ibu saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken kanthi ancas supados lare sampun kulina pawicantenan kanthi lingkungan ingkang migunakaken basa Indonesia. Ananging fungsi-fungsi ingkang gegayutan kaliyan bab menika inggih fungsi *instrumental*, fungsi *regulatori*, fungsi *representasional*, fungsi *interaksional*, fungsi *personal*, fungsi *heuristik* lan fungsi *imajinatif*. Fungsi-fungsi menika gegayutan kaliyan padamelan tiyang wonten pawicantenan supados ancasipun komunikasi saged kasampekaken.

Panaliten ingkang jumbuh sanesipun inggih menika kanthi irah-irahan *Penggunaan Bahasa Jawa Dalam Film Punk In Love* garapanipun Fantashia Ardianti taun 2011. Asiling panaliten menika ngandharaken menawi basa ingkang dipunginakaken wonten ing film *Punk In Love* inggih menika basa Jawi dialek Jawa Timuran ingkang kadyan dening faktor *geografis*. Panganggening basa Jawa ragam ngoko wonten ing panaliten menika gadhah *variasi* ingkang ngemu dwibasa.

Panaliten ing inggil wonten gegayutanipun kaliyan panaliten ingkang dipuntindakaken. Panaliten ingkang dipuntindakaken menika gadhah irah-irahan *Panganggening Dwibasa Salebeting Film Tendangan Dari Langit*. Bedanipun inggih menika panaliten ingkang katindakaken kalebet panaliten ingkang langkung *spesifik* menawi dipunbandingaken kaliyan panaliten-panaliten ing inggil menika. Bab ingkang dipunbabar ing panaliten menika mliginipun wujud saha fungsipun dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

J. Nalaring Pikir

Panganggening basa inggih menika kados pundi basa menika dipunginakaken saha ancasipun supados dipunmangertosi dhumateng tiyang sanes. *Sociolinguistik* inggih menika pirembaran *interdisipliner* antawisipun *linguistik* saha *sosiologi*. Panaliten menika ngginakaken *kajian sociolinguistik* ingkang ngandharaken panganggening dwibasa wonten ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Menawi badhe ngginakaken basa kedah migatosaken komponen tutur ingkang dados dhasar wicantenan saben dinten. Komponen tutur menika wonten wolu, inggih menika SPEAKING, wiwit saking *Setting and Scene, Participant, Ends, Act, Keys, Instrumen, Norm* saha *Genre*. Saking sedaya komponen tutur menika saged ndadosaken tuturan ingkang beda-beda kanthi ngginakaken caranipun piyambak. Menawi mekaten saged kawontenan panganggening dwibasa nalika pawicantenan.

Dwibasa inggih menika sedaya ingkang gegayutan kaliyan panganggening kalih basa utawi *kode* basa. *Bilingualisme* utawi *kedwibahasaan* menika dipunginakaken kangge gontas-gantos basa kanthi maksud dipunmagertosi tiyang sanes. *Kedwibahasaan* menika *kondisi* panganggening kalih basa kanthi cara gontas-gantos saking panutur *dwibahasaan* wonten ing interaksi sosialipun. Dwibasa menika boten namung nguwaosi wonten ing *proses* ananging wonten ing *kondisi* saha pakulinan panganggening kalih basa kanthi cara gontas-gantos dening panutur *bilingual*.

Dwibasa menika wonten wujud saha fungsipun ingkang badhe dipunteliti. Wujud dwibasa menika wonten Alih kode saha Campur kode.

Fungsipun dwibasa menika kados fungsipun basa limrahipun inggih menika fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representation*, fungsi *interaksional*, fungsi *personal*, fungsi *heuristik*, saha fungsi *imajinatif*. Dwibasa ingkang badhe dipunteliti inggih menika dwibasa saking basa Indonesia kaliyan basa Jawi ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

BAB III

CARA PANALITEN

A. Jinising Panaliten

Jinising panaliten ingkang dipunginakaken wonten ing panaliten inggih menika panaliten *deskriptif*. Miturut Sudaryanto (1988: 62) panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang ngandharaken asiling panaliten kanthi menapa wontenipun. Panaliten *deskriptif* inggih menika panaliten ingkang datanipun awujud tembung-tembung, gambar sanes angka. Wonten ing panaliten menika *data* ingkang sampun pikantuk lajeng dipuntelaah satunggal mbaka satunggal. Panaliten menika badhe ngandharaken dwibasa ingkang dipunginakaken wonten ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Ancasing panaliten inggih menika kangge ngandharaken wujud panganggening dwibasa saha fungsipun dwibasa ing film *Tendangan Dari Langit*.

B. Subjek saha Objek Panaliten

Subjek panaliten inggih menika film *Tendangan Dari Langit*. *Data* wonten ing panaliten menika kapanggihaken awujud tembung, tembung camboran, saha klausa ingkang dipunginakaken minangka sarana wawan rembang para paraga film minangka sumbering data ing panaliten inggih menika film *Tendangan Dari Langit*. Film *Tendangan Dari Langit* dipunrilis 26 Agustus 2011, ingkang produseripun Leo Sutanto saha Hanung Bramantyo minangka sutradaranipun. Salebeting film *Tendang Dari Langit* minangka paragatama inggih menika Wahyu (Yosie Kristanto), Indah (Maudy Ayunda), Hasan (Agus Kuncoro), Darto

(Sujiwo Tejo), Mitro (Jordi Onsu), Purnomo (Joshua Suherman), Meli (Natasha Chairani), Irfan Bachdim saha Kim Kurniawan.

Salebeting film *Tendangan Dari Langit*, paraganipun langkung kathah ngginakaken basa Indonesia ananging wonten ing film kasebut paraganipun migunakaken basa Jawi dialek Jawa Timur. Wonten pinten-pinten ukara ingkang dipunseseli kaliyan basa Inggris utawi sanesipun salebeting pawicantenanipun. Ingkang dados kawigatosan, salebeting film kasebat kathah dipunpangguhaken dwibasa ingkang dados kajianing panaliten menika.

Objek panaliten inggih menika basa ingkang dipunginakaken dening paraga. Panaliten menika dipunfokusaken wonten ing perkawis panganggening dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* saha fungsi dwibasa ingkang dipunginakaken.

C. Cara Ngempalaken Data

Cara ngempalaken *data* ing panaliten menika ngginakaken *metode* simak. Dipunsebat *metode* simak awit dipunlampahi mawi cara nyemak tuturanipun paraga wonten ing film *Tendangan Dari Langit*. Anggenipun ngginakaken *metode* simak dipunjangkepi ugi mawi *teknik sadap* inggih menika mirengaken panganggening dwibasa ingkang dipunginakaken dening paraga. *Teknik sadap* ingkang dipunginakaken inggih menika *teknik simak bebas libat cakap* inggih menika nyemak saha migatosaken tuturan salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

Teknik simak bebas libat cakap, panaliti namung nggatosaken pawicantenan ingkang dipunandharaken dening paraga ing film *Tendangan Dari*

Langit. Teknik menika dipunginakaken kangge mangertosi wujud ing dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

Cara anggenipun ngempalaken *data* dipunlajengaken kanthi cara nyathet. Saking asiling proses nyemak tuturan ingkang kalebet dwibasa, data saha konteks pawicantenan dipuncatet ing kertu data. Cara nyathet *data* gadah ancas supados langkung gampang anggenipun nganalisis *data*.

D. Pirantining Panaliten

Adhedhasar *teknik* ngempalaken *data* ing nginggil, pirantining panaliten ingkang dipunginakaken inggih menika *tabel analisis* ingkang kabantu dening kertu *data* saha panaliti piyambak. Kertu *data* dipunginakaken kangge nyerat *data* ingkang sampun dipunpanggihaken, bilih *tabel analisis* dipunginakaken kangge nglebetaken *data* saking kertu *data*. Piranti sanesipun inggih menika panaliti piyambak utawi *human instrument*.

Miturut pamanggihipun Moleong (1998: 19), *human instrument* dipunginakaken amargi panaliti minangka piranti kangge ngempalaken *data*. Panaliti nganalisis bab fungsining dwibasa ingkang dipunandharaken dening paraga film *Tendangan Dari Langit*. Caranipun inggih menika panaliti mangertosi *konteks* tuturanipun, lajeng dipungayutaken kaliyan wujud dwibasa ingkang dipunandharaken. Panaliti saged mendhet dudutan fungsining dwibasa ingkang dipunandharaken dening paraga saking asiling *analisis konteks*. Asiling panaliten lajeng dipunserat ing kertu cathet *data* supados gampang anggenipun nganalisis *data*. Wujud ingkang kertu *data* ingkang dipunginakaken kados ing ngandhap menika.

Tabel 1. wujuding kertu data

No.	8
Konteks	Bu Darto ngutus Wahyu supados enggal cepet
Ukara	Bu Darto: “Wahyu, ayo cepat. Bapaknya sudah muring-muring aja nungguin kamu.”
Wujud dwibasa	BI ke BJ dipuntingali kanthi panganggening tembung “ muring-muring ”
Fungsi dwibasa	Fungsi <i>instrumental</i> , ngandharaken Bu Darto ngutus Wahyu supados enggal cepet amargi bapakipun sampun muring-muring.

E. Cara Nganalisis Data

Cara nganalisis *data* ingkang dipunginakaken inggih menika cara *deskriptif*. Panaliti ngandharaken wujud saha fungsining dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Cara nganalisis *data* ingkang wonten ing panaliten saged dipuntingali wonten ing ngandhap menika.

1. *Kategorisasi*, inggih menika *data* dipunpantha-pantha saha dipunidentifikasi adhedhasar wujud dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.
2. Wujud dwibasa dipungayutaken kaliyan *konteks* pawicantenanipun kangge nganalisis fungsipun dwibasa ing salebeting film *Tendangan Dari Langit*.
3. *Tabulasi*, inggih menika ngandharaken *data* ingkang dipuntliti wonten ing *tabel*.
4. Ngandharaken asiling nganalisis *data* lajeng saking asiling menika saged dipunpendhet dudutanipun.

F. Cara Ngesahaken Data

Anggenipun nemtokaken kangge ngukur data ing panaliten menika migunakaken *uji validitas* saha *uji reliabilitas*. *Uji validitas* data dipuntindakaken kanthi migunakaken *validitas triangulasi teori*. *Triangulasi teori* inggih menika

cara ngesahaken data kanthi cara njumbuhaken data kaliyan teori ingkang dipunginakaken. Ancasipun kangge ngecek saha mbandhingaken data-data ingkang sampun kapanggihaken.

Teori ingkang dipunginakaken kangge *validitas data* migunakaken *teori morfologi*, *teori sintaksis*, saha *teori semantik*. *Triangulasi teori morfologi* dipunginakaken kangge nemtokaken validitas data ingkang gegayutan kaliyan wujudipun dwibasa inggih menika tembung. *Triangulasi teori sintaksis* menika dipunginakaken kangge nemtokaken validitas data ingkang gegayutan kaliyan wujud tembung camboran (kelompok tembung), klausa, saha ukara. Menawi *triangulasi teori semantik* dipunginakaken kangge nemtokaken validitas data ingkang gegayutan kaliyan tegesing dwibasa.

Reliabilitas wonten ing panaliten menika ngginakaken *uji reliabilitas stabilitas*. *Reliabilitas stabilitas* dipuntindakaken kanthi ningali malih film *Tendangan Dari Langit* menika, mliginipun perangan ingkang dados *data* panaliten. *Data* ingkang sampun dipunpanggihaken menika dipunambali, menapa dipunjumbuhaken malih kaliyan filmipun supados dipunasilaken *data* ingkang *valid*.

BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGANIPUN

Adhedhasar wosing perkawis saha ancasing panaliten, peranan menika badhe ngandharaken asiling panaliten bab panganggening dwibasa salebeting film Tendangan Dari Langit. Panaliten menika ngasilaken wujud saha fungsi panganggening dwibasa salebeting film Tendangan dari Langit.

A. Asiling Panaliten

Adhedhasar *data* ingkang kapanggihaken dening panaliti, badhe kaandharaken wujuding saha fungsipun dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Langkung cetha malih kaandharaken ing ngandhap menika.

Tabel 2. Wujud saha Fungsi Dwibasa Salebeting Film *Tendangan Dari Langit*.

No	Wujud Dwibasa		Fungsi Dwibasa	Data	Indikator
	Konstruk Morfologis	Konstruk Basa			
1	2	3	4	5	6
1.	Tembung Lingga	<i>Campur Kode Jawa ing Indonesia</i>	<i>Instrumental</i>	Hasan: “Tidak usah cerewet, iki sepatumu dipakai!” (data no 21)	- Iki = tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Campur kode Jawa ing Indonesia ingkang titikanipun tembung ‘iki’. - Fungsi <i>instrumental</i> amargi paring prentah dhumateng tiyang sanes titikanipun saking tembung ‘dipakai’ saha wonten tanda pentung (!).

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
			<i>Regulasi</i>	Hasan: “Wahyu, kowe sudah janji sama aku buat main disini sampai habis.” (data no 30)	- Kowe = tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Campur kode Jawa ing Indonesia ingkang titikanipun tembung ‘kowe’. - Fungsi <i>regulasi</i> amargi ngemutaken dhumateng tiyang sanes.
			<i>Representasion</i>	Hasan: “Jangan menantang taruhan kalau gak duwe jaminan.” (data no 36)	- Duwe = tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Campur kode Jawa ing Indonesia ingkang titikanipun saking tembung ‘duwe’. - Fungsi <i>representasion</i> amargi ngandharaken informasi dhumateng tiyang sanes.
			<i>Personal</i>	Darto: “Iya..biar kamu tidak goblok seperti bapakmu!” (data no 34)	- Goblok = tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Campur kode Jawa ing Indonesia ingkang titikanipun saking tembung ‘goblok’. - Fungsi <i>personal</i> amargi ngandharaken raos dukanipun dhumateng tiyang sanes.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
			<i>Interaksional</i>	Gatot: “Kalau kalah piye? ” (data no 11)	- Piye = tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>interaksional</i> amargi paring pitakenan dhumateng tiyang sanes.
			<i>Heuristik</i>	Darto: “ Ngapa Yu kerumah Pak Kades?” (data no 5)	- Ngapa = tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>heuristik</i> amargi paring pitakenan dhumateng tiyang sanes saha mbetahaken wangsulan.
		<i>Campur Kode Indonesia Ing Jawa</i>	<i>Representasion</i>	Hasan: “Koen duwe bakat gedhe.” (data no 43)	- Bakat = tembung lingga. - Campur Kode Indonesia ing Jawa saking titikanipun tembung ‘bakat’. - Fungsi <i>representasion</i> amargi paring <i>informasi</i> dhumateng tiyang sanes.
			<i>Personal</i>	Orang desa: “To, selamat ya. Anake ketrima di Persema. Pancen hebat. ” (data no 56)	- Hebat = tembung lingga. - Campur kode Indonesia ing Jawa. - Fungsi <i>personal</i> amargi paring

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
					<i>simpati</i> dhumateng tiyang sanes.
			<i>Interaksional</i>	Indah: “ Kapan mulih ya si Wahyu?” (data no 47)	- Kapan = tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Campur kode Indonesia ing Jawa saking tembung ‘kapan’. - Fungsi <i>interaksional</i> amargi paring pitakenan dhumateng tiyang sanes.
2.	Tembung Andhahan	<i>Campur kode Jawa ing Indonesia</i>	<i>Instrumental</i>	Darto: “Ayo Yu jupuken bolamu itu.” (data no 27)	- Jupuken = tembung andhahan saking tembung jupuk + en. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>instrumental</i> amargi paring prentah dhumateng tiyang sanes saking titikanipun tembung ayo.
			<i>Regulasi</i>	Darto: “Jangan dikira bapak ndak tahu polahmu tiap pagi.” (data no 9)	- Polahmu = tembung andhahan saking tembung polah + mu. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>regulasi</i> amargi ngemutaken dhumateng tiyang sanes.
			<i>Representasion</i>	Gatot: “Hasan, kamu yang bakal jadi seksine .” (data no 35)	Seksine = tembung andhahan saking tembung seksi + ne.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
					- Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>representasion</i> amargi paring <i>informasi</i> dhumateng tiyang sanes.
			<i>Personal</i>	Darto: “Tak sobek cangkemmu! ” (data no 12)	- Cangkemmu = tembung andhahan saking tembung cangkem + mu. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>personal</i> amargi ngandharaken raos dukanipun dhumateng tiyang sanes.
			<i>Personal</i>	Meli: “Sayang, sayang gundulmu! ” (data no 15)	- Gundulmu = tembung andhahan saking tembung gundul + mu. - Campur kode Jawa ing Indonesia - Fungsi <i>personal</i> amargi ngandharaken raos jengkel dhumateng tiyang sanes.
		<i>Campur Kode Indonesia ing Jawa</i>	<i>Heuristik</i>	Darto: “Ngliat koen? Ngliat ora matamu? ” (data no 29)	- Matamu = tembung andhahan saking tembung mata + mu. - Campur kode Indonesia ing Jawa. - Fungsi <i>heuristik</i> amargi paring pitakenan ingkang mbetahaken wangsulan.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
			<i>Heuristik</i>	Bu Darto: “Piye le? Apa? Alhamdulillah le kamu diterima .” (data no 55)	- Diterima = tembung andhahan saking tembung di + terima. - Campur kode Indonesia ing Jawa. - Fungsi <i>heuristik</i> amargi paring pitakenan dhumateng tiyang sanes saha mbetahaken wangsulan.
			<i>Imajinatif</i>	Darto: “Muga-muga ora berakhir kaya bapakne.” (data no 16)	- Berakhir = tembung andhahan saking tembung ber + akhir. - Campur Kode Indonesia ing Jawa. - Fungsi <i>imajinatif</i> amargi paring pangarep-arep dhumateng tiyang sanes.
3.	Tembung Wancah	<i>Campur Kode Jawa ing Indonesia</i>	<i>Instrumental</i>	Hasan: “Bikinin aku kopi, biar ndak ketahuan bapakmu.” (data no 19)	- Ndak = tembung wancah saking tembung lingga tidak. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>instrumental</i> amargi ngutus dhumateng tiyang sanes.
			<i>Regulasi</i>	Hasan: “Masih ada harapan le , jangan sedih kayak gitu.” (data no 31)	- Le = tembung wancah saking tembung lingga Thole. - Campur kode Jawa ing Indonesia.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
					- Fungsi <i>regulasi</i> amargi paring pitutur dhumateng tiyang sanes.
			<i>Representasion</i>	Hasan: “ Le , pak Gatot ini rajanya taruhan.” (data no 3)	- Le = tembung wancah saking tembung lingga Thole. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>representasion</i> amargi paring informasi dhumateng tiyang sanes.
			<i>Representasion</i>	Pak Gatot: “Aku pamit sek ya le. Kuwi kudamu disana.” (data no 50)	- Sek = tembung wancah saking tembung lingga dhisek. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>representasion</i> amargi paring <i>informasi</i> dhumateng tiyang sanes.
			<i>Interaksional</i>	Pak Gatot: “Salam nggo bapakmu, dulu bapakmu kaya koen.” (data 51)	- Nggo = tembung wancah saking tembung lingga kanggo. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>interaksional</i> amargi nyiptakaken reraketan utawi paseduluran.
			<i>Heuristik</i>	Pak Susilo: “Ada apa Nduk kok teriak?” (data no 14)	- Nduk = tembung wancah saking tembung lingga Genduk.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
					- Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>heuristik</i> amargi paring pitakenan dhumateng tiyang sanes.
4.	Tembung Rangkep	<i>Campur Kode Jawa ing Indonesia</i>	<i>Representasion</i>	Darto: “Pergi subuh, pulang mindhik-mindhik kaya maling.” (data no 10)	- Mindhik-mindhik =tembung rangkep ingkang dipunambali wicantenanipun saha boten saged wangsul ing asalipun. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>representasion</i> amargi negesaken perkawis.
		<i>Campur Kode Indonesia ing Jawa</i>	<i>Representasion</i>	Hasan: “Gak usah jauh-jauh saka langit pak, di desa tetangga aja ada pemain hebat.” (data no 49)	- Jauh-jauh = tembung rangkep saking tembung lingga ‘jauh’ ingkang dipunambali wicantenanipun. - Campur kode Indonesia ing Jawa. - Fungsi <i>representasion</i> amargi paring <i>informasi</i> dhumateng tiyang sanes.
			<i>Interaksional</i>	Wahyu: “Kowe ora kenapa-kenapa dik?” (data no 26)	- Kenapa-kenapa = tembung rangkep saking tembung lingga ‘kenapa’ ingkang dipunambali wicantenanipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
					- Campur kode Indonesia ing Jawa. - Fungsi <i>interaksional</i> amargi paring pitakenan dhumateng tiyang sanes.
5.	Tembung Camboran	<i>Campur Kode Indonesia ing Jawa</i>	<i>Instrumental</i>	Darto: “Diem koen, anak bawang! Koen ra ngerti apa-apa. Ayo mulih!” (data no 33)	- Anak bawang = kelompok tembung amargi kapancak saking kalih tembung ingkang gadhah teges enggal nalika tembung menika dipundadosaken setunggal. - Campur kode Indonesia ing Jawa. - Fungsi <i>instrumental</i> amargi ngajak tiyang sanes saking titikanipun tembung ‘ayo’.
		<i>Campur Kode Jawa ing Indonesia</i>	<i>Representasion</i>	Wahyu: “Ah Pak lik ini, ak kan cuma wong ndeso. ” (data no 37)	- Wong ndeso = kelompok tembung amargi kapancak saking kalih tembung ingkang gadhah teges enggal nalika tembung menika dipundadosaken setunggal. - Campur kode Jawa ing Indonesia. - Fungsi <i>representasion</i> amargi negesaken perkawis

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
					dhumateng tiyang sanes.
6.	Klausa	Alih Kode Jawa-Indonesia	Instrumental	Darto: “Wahyu..ayo mulih saja daripada disini.” (data no 4)	- Alih kode basa Jawi - basa Indonesia saking kalih klausa = Wahyu ayo mulih saja saha daripada disini. - Fungsi <i>instrumental</i> amargi ngajak dhumateng tiyang sanes saking titikanipun tembung ‘ayo’.
			Heuristik	Wahyu: “Pur, Mitro nang endi?” Purnomo: “Kae lagi gemes-gemesan karo Meli.” Wahyu: “Apa itu gemes-gemesan Pur?” Purnomo: “Itu lho kayak cicak saat bulan purnama.” Wahyu: “Kamu aneh-aneh saja.” (data no 60)	- Alih kode basa Jawi – basa Indonesia saking tuturanipun Wahyu. - Fungsi <i>heuristik</i> amargi fungsi menika gadhah ancas paring pitakenan saha mbetahaken wangsulan.
		Alih Kode Indonesia-Jawa	Instrumental	Bu Darto: “Wahyu, ayo cepat. Bapaknya sudah muring-muring nungguin kamu.” (data no 8)	- Alih kode basa Indonesia - basa Jawi saking klausa, Wahyu ayo cepat saha bapaknya sudah muring-muring nungguin kamu. - Fungsi <i>instrumental</i>

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6
					amargi ngajak dhumateng tiyang sanes titikanipun saking tembung 'ayo'.
			<i>Representasion</i>	Wahyu: “Indah, aku cuma mau ngasih tahu kalau nanti sore aku ada pertandingan di desa Karang Sari.” Indah: “Karang Sari? Ngapain kamu main disana?” Wahyu: “Aku disewa buat main bola, memperkuat tim. Kowe datang ya karo Meli.” (data no 28)	- Alih kode basa Indonesia - basa Jawi saking tuturanipun Wahyu. - Fungsi <i>representasion</i> amargi paring <i>informasi</i> dhumateng tiyang sanes.
			<i>Personal</i>	Darto: “Sudah cukup koen njejelin mimpi ke anakku, San.” Hasan: “Anakmu beda sama kamu, To!” Darto: “Prek!! Mulutmu ndak pernah berubah. Bocah ora urus.” (data no 42)	- Alih kode basa Indonesia - basa Jawi saking tuturanipun Pak Darto. - Fungsi <i>personal</i> amargi ngandharaken raos duka dhumateng tiyang sanes.

Saking *data* ing nginggil, saged dipuntingali wujuding dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* menika awujud campur kode saha alih kode. Fungsipun dwibasa ingkang dipunpanggihi ing salebeting film *Tendangan Dari*

Langit inggih menika fungsi *instrumental*, *regulasi*, *representasion*, *interaksional*, *heuristik*, *personal* saha *imajinatif*.

B. Pirembaganipun

Wonten ing bab menika badhe dipunandharaken pirembagan saking asiling panaliten ingkang sampun dipunandharaken saderengipun. Saking asiling panaliten, adhedhasar *tabel* wujud ing saha fungsipun dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* kapanggihaken dwibasa awujud alih kode saha campur kode saha fungsipun dwibasa, langkung cetha badhe kaandharaken ing pirembagan ngandhap menika.

1. Dwibasa Awujud Campur Kode

Dwibasa awujud campur kode menika titikanipun saged dipunperang dados gangsal wujud tembung inggih menika tembung lingga, tembung andhahan, tembung wancah, tembung rangkep saha *frasa* utawi kelompok tembung. Dwibasa awujud campur kode badhe dipunandharaken wonten ing ngandhap menika.

a. Dwibasa Campur Kode Awujud Tembung Lingga

Dwibasa ingkang awujud tembung lingga saged dipunpanggihaken fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representasion*, fungsi *interaksional*, fungsi *personal* saha fungsi *heuristik*. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

1) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *instrumental*.

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *instrumental* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(1) Hasan: “Tidak usah cerewet, **iki** sepatumu dipakai!” (data no 21)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Wahyu mlayu-mlayu amargi sampun telat anggenipun tanding bal lajeng Hasan maringi sepatu kangge Wahyu supados dipunangge.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipunseseli basa Jawi inggil menika tembung ‘iki’. Tembung ‘iki’ menika kalebet wujud dwibasa amargi tembung ‘iki’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung ini. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘iki’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘iki’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘iki’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun saha boten saged dipunrimbag malih. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara, tembung ‘iki’ menika dipunginakaken dados katrangan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *instrumental*. Gayut kaliyan konteksipun, bilih Wahyu mlayu-mlayu amargi sampun telat anggenipun tanding bal lajeng Hasan maringi sepatu kangge Wahyu supados dipunangge. Panandha ingkang

ngandharaken tuturan menika kalebet fungsi *instrumental* inggih menika tuturanipun Hasan ingkang maringi sepatu kangge Wahyu supados dipunangge. Ingkang dados titikanipun menika fungsi *instrumental* wonten ing tembung ‘dipakai’ saha wontenipun tandha pentung (*tanda seru*).

2) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *regulasi*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *regulasi* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(2) Hasan: “Wahyu, **kowe** sudah janji sama aku buat main disini sampai habis.”
(data no 30)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Hasan ngelingaken babagan janjinipun Wahyu menawi badhe main kangge tim Karang Sari.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi basa utaminipun basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘kowe’. Saking Tembung ‘kowe’ menika kalebet wujud dwibasa amargi tembung ‘kowe’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung kamu. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘kowe’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘kowe’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘kowe’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali

saking kalenggahan wonten ukara, tembung ‘kowe’ menika dipunginakaken dados jejer.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *regulasi*. Gayut kaliyan konteksipun, Hasan ingkang ngemutaken janjinipun Wahyu ingkang badhe main bal. Titikanipun menawi kalebet fungsi *regulasi* inggih menika amargi ngemutaken dhumateng tiyang sanes saking tuturan “kowe sudah janji sama aku.”

3) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *representasion*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *representasion* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(3) Pemuda kampung: “Anak **sampean** hebat pak Darto.” (data no 7)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pemuda kampung saha Pak Darto. Pemuda kampung ingkang nembe mlampah-mlampah kepanggih Pak Darto lajeng maringi informasi dhumateng Pak darto babagan Wahyu putranipun.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘sampean’. Tembung ‘sampean’ menika kalebet wujud dwibasa amargi tembung ‘sampean’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung kamu. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘sampean’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘sampean’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘sampean’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara, tembung ‘sampean’ menika dipunginakaken dados lesan.

Saking konteks tutur data tuturan menika kapanggihaken menawi data menika kalebet fungsi *representation* amargi data tuturan menika gadhah ancas paring *informasi* dhumateng tiyang sanes. Panandha ingkang ngandharaken data tuturan menika kalebet fungsi *representation* inggih menika nalika Pemuda kampung ngandharaken *informasi* babagan Wahyu dhumateng pak Darto.

4) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *representation*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *representation* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(4) Hasan: “ Koen duwe **bakat** gedhe.” (data no 43)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Hasan ingkang nembe paring informasi dhumateng Wahyu menawi Wahyu menika gadhah *bakat* ingkang gedhe.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Indonesia ing Jawa amargi saking basa Jawi ingkang dipuneseli basa Indonesia ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘bakat’. Tembung ‘bakat’ menika kalebet wujud dwibasa amargi tembung ‘bakat’ menika tembung saking basa

Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘bakat’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘bakat’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘bakat’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara, tembung ‘bakat’ menika dipunginakaken dados lesan.

Saking konteks tutur data tuturan menika dipunpanggihaken menawi data menika kalebet fungsi *representation* amargi data tuturan menika gadhah ancas paring *informasi* dhumateng tiyang sanes. Panandha ingkang ngandharaken data tuturan menika kalebet fungsi *representation* inggih menika nalika Hasan ngandharaken *informasi* dhumateng Wahyu menawi Wahyu menika gadhah bakat ingkang gedhe.

5) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *representation*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *representation* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(5) Hasan: “Jangan menantang taruhan kalau gak **duwe** jaminan.” (data no 36)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Hasan ingkang nembe paring informasi dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseseli kaliyan basa Jawi

ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘duwe’. Tembung ‘duwe’ menika kalebet wujud dwibasa amargi tembung ‘duwe’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung punya. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘duwe’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘duwe’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘duwe’ kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara, tembung ‘bakat’ menika dipunginakaken dados katrangan.

Saking konteks tutur data tuturan menika dipunpanggiaken menawi data menika kalebet fungsi *representation* amargi data tuturan menika gadhah ancas paring informasi dhumateng tiyang sanes. Panandha ingkang ngandharaken data tuturan menika kalebet fungsi *representation* inggih menika nalika Hasan ngandharaken *informasi* dhumateng Wahyu.

6) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *personal*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *personal* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(6) Darto: “Iya..biar kamu tidak **goblok** seperti bapakmu!” (data no 34)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Wahyu saha Hasan nembe pawincantenan, lajeng Pak Darto ngandharaken raos duka dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘goblok’. Tembung ‘goblok’ menika kalebet dwibasa amargi ‘goblok’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *bodoh*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘goblok’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘goblok’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘goblok’ menika kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘goblok’ dipunginakaken dados katrangan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika kalebet fungsi *personal*. Gayut kaliyan konteksipun, Hasan saha Wahyu ingkang nembe pawicantenan babagan bal-balan lajeng Pak Darto ingkang boten remen bal-balan ngandharaken raos duka dhumateng Wahyu. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet fungsi *personal* inggih menika tuturanipun Pak Darto ingkang ngandharaken raos dukanipun.

7) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *personal*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *personal* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(7) Orang desa: “To, selamat ya. Anake ketrima di Persema. Pancen **Hebat**.”
(data no 56)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun tiyang desa saha pak Darto. Tiyang desa ingkang nembe dodolan kaliyan pak Darto lajeg ngandharaken raos simpatinipun amargi Wahyu sampun dipunterima Persema.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Indonesia ing Jawa amargi saking basa Jawi ingkang dipunseseli kaliyan basa Indonesia ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘hebat’. Tembung ‘hebat’ menika kalebet dwibasa amargi ‘hebat’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘hebat’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘hebat’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘hebat’ menika kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘hebat’ dipunginakaken dados katrangan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika kalebet fungsi *personal*. Gayut kaliyan konteksipun, tiyang desa ingkang paring simpatinipun dhumateng pak Darto amargi Wahyu sampun dipunterima wonten ing Persema. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet fungsi *personal* inggih menika tuturanipun tiyang desa ingkang ngandharaken raos simpatinipun.

8) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *interaksional*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *interaksional* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(8) Gatot: “Kalau kalah **piye**?” (data no 11)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun pak Gatot saha Wahyu. Pak Gatot ingkang taksih bingung amargi panyuwunipun Wahyu lajeng maringi pitakenan dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipunseseli basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘piye’. Tembung ‘piye’ menika kalebet dwibasa amargi ‘piye’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung bagaimana. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘piye’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘piye’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘piye’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘piye’ dipunginakaken dados tembung pitakon ingkang ndamel tuturan menika dados tuturan pitakenan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *interaksional*. Gayut kaliyan konteksipun, Pak Gatot ingkang taksih bingung amargi panyuwunipun Wahyu lajeng maringi

pitakenan dhumateng Wahyu. Panandha ingkang ngandharaken tuturan menika kalebet fungsi *interaksional* inggih menika Pak Gatot ingkang paring pitakenan dhumateng Wahyu. Paring pitakenan dhumateng tiyang sanes saha wontenipun *tanda tanya* menika titikanipun saking fungsi *interaksional*.

9) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *interaksional*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *interaksional* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(9) Indah: “**Kapan** mulih ya si Wahyu?” (data no 47)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Indah saha Purnomo. Indah ingkang nembe bingung kawontenanipun Wahyu lajeng nyuwun pirsia dhumateng Purnomo babagan Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Indonesia ing Jawa amargi saking basa Jawi ingkang dipunseseli kaliyan basa Indonesia ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘kapan’. Tembung ‘kapan’ menika kalebet dwibasa amargi ‘kapan’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘kapan’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘kapan’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘kapan’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘kapan’ dipunginakaken dados tembung pitakon ingkang ndamel tuturan menika dados tuturan pitakenan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *interaksional*. Gayut kaliyan konteksipun, Indah ingkang nyuwun pirsa dhumateng Purnomo babagan wangsulipun Wahyu saking Malang. Panandha ingkang ngandharaken tuturan menika kalebet fungsi *interaksional* inggih menika Indah ingkang paring pitakenan dhumateng Purnomo. Paring pitakenan dhumateng tiyang sanes menika titikanipun saking fungsi *interaksional*.

10) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *heuristik*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *heuristik* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(10) Darto: “**Ngapa** Yu kerumah Pak Kades?” (data no 5)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Wahyu saha Pak Darto. Wahyu ingkang paring ajakan dhumateng pak Darto lajeng pak Darto mangsuli saha paring pitakenan.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseseli kaliyan basa Jawa ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘ngapa’. Tembung ‘ngapa’ menika kalebet dwibasa amargi ‘ngapa’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *ngapain*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘ngapa’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘ngapa’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘ngapa’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘ngopo’ dipunginakaken dados ukara pitakon ingkang dadosaken tuturan menika dados tuturan pitakenan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *heuristik*. Gayut kaliyan konteksipun, Pak Darto ingkang paring pitakenan dhumateng Wahyu lajeng Wahyu mangsuli pitakenanipun Pak Darto. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet fungsi *heuristik* wonten ing tuturan pitakenanipun Pak Darto ingkang teras-terasan saha mbetahaken wangsulan.

11) Dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *heuristik*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung lingga ingkang gadhah fungsi *heuristik* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

- (11) Wh: “Bu, bapak kapan **arep** sholat? Kapan jadi imam buat kita?”
(data no 17)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Wahyu saha Bu Darto. Wahyu ingkang nyuwun pirsa dhumateng Bu Darto ingkang pitakenan kasebut dipunwangsuli dening Bu Darto.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘arep’. Tembung ‘arep’ menika kalebet

dwibasa amargi ‘arep’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *mau*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘arep’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘arep’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa campur kode awujud tembung lingga. Tembung ‘arep’ kalebet dwibasa tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘arep’ dipunginakaken dados katrangan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *heuristik*. Gayut kaliyan konteksipun, Wahyu ingkang nyuwun pirsu dhumateng Bu Darto babagan bapakipun. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet fungsi *heuristik* wonten ing tuturan pitakenanipun Wahyu ingkang teras-terasan saha mbetahaken wangsulan.

b. Dwibasa Campur Kode Awujud Tembung Andhahan

Miturut pamanggihipun Sudaryanto (1991: 18), pandhapuking tembung salebeting basa Jawi, tembung andhahan kaperang dados 3 proses morfologis. Proses morfologis kasebat inggih menika : afiksasi, reduplikasi, saha komposisi utawi majemuk. Ananging salebeting panganggening dwibasa namung saged dipunpanggihaken satunggal jinis, jinisipun panganggening dwibasa awujud tembung ingkang ngangge wuwuhan.

Dwibasa ingkang awujud tembung andhahan wonten panganggening dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* menika kapanggihaken fungsi

inggih menika fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representasion*, fungsi *personal*, fungsi *heuristik*, saha fungsi *imajinatif*. Andharanipun saged dipunwaos wonten ing ngandhap menika.

1) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *instrumental*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *instrumental* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(1) Darto: “Ayo Yu **jupuken** bolamu itu.” (data no 27)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Wahyu. Pak Darto ngutus Wahyu kangge mendhet bal ingkang wonten ing mburi wit.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘jupuken’. Tembung ‘jupuken’ menika kalebet dwibasa amargi ‘jupuken’ menika tembung saking basa Jawa ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *ambillah*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘jupuken’ kalebet dwibasa.

Saking konstruk morfologisipun, tembung ‘jupuken’ menika kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun tembung lingga ‘jupuk’ ingkang angsal panambang –en dados jupuk + -en = jupuken. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘jupuken’ dipunginakaken dados wasesa amargi wonten ujaran menika dipunginakaken

dados ngandharaken bab menapa ingkang badhe dipunlampahi saha dados ukara pakon (*kalimat perintah*).

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *instrumental*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Pak Darto ngutus Wahyu mendhet bal ingkang wonten ing wingkingipun wit. Tuturan menika kalebet fungsi *instrumental* amargi ngutus tiyang sanes utawi dados ukara pakon. Ingkang dados titikanipun fungsi *instrumental* menika saking tembung ‘jupuken’ –en menika dados fungsi *instrumental*.

2) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *regulasi*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *regulasi* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(2) Darto: “Jangan dikira bapak ndak tahu **polahmu** tiap pagi.” (data no 9)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Wahyu. Pak Darto ingkang nembe ngemutaken tumindhakipun Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipunseseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘polahmu’. Tembung ‘polahmu’ menika kalebet dwibasa amargi ‘polahmu’ menika tembung saking basa Jawa ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung tingkahmu. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘polahmu’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘polahmu’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun tembung lingga ‘polah’ ingkang angsal panambang –mu dados polah + -mu = polahmu. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘polahmu’ dipunginakaken dados wasesa amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken bab menapa ingkang badhe dipunlampahi.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *regulasi*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Pak Darto ingkang nembe ngemutaken tumindhakipun Wahyu. Tuturan menika kalebet fungsi *regulasi* amargi ngemutaken dhumateng tiyang sanes. Ingkang dados titikanipun fungsi *regulasi* inggih menika saking tembung ‘Jangan’.

3) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *representation*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *representation* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(3) Hasan: “**Kakimu** jancuk tenan le.” (data no 1)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Wahyu ingkang nembe dolanan bal lajeng Hasan negesaken menawi samparanipun Wahyu kangge dolanan bal apik tenan.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘kakimu’. Tembung ‘kakimu’ kalebet

dwibasa amargi ‘kakimu’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawa, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung sikilmu. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘kakimu’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘kakimu’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun tembung lingga ‘kaki’ ingkang angsal panambang -mu dados kaki + -mu = kakimu. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘kakimu’ dipunginakaken dados jejer amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken sinten ingkang badhe nglampahi.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika ngemu fungsi *representation*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Wahyu ingkang nembe dolanan bal lajeng Hasan negesaken menawi samparanipun Wahyu kangge dolanan bal apik tenan. Tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi negesaken utawi maringi *informasi* dhumateng tiyang sanes.

4) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *representation*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *representation* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(4) Gatot: “Hasan, kamu yang bakal jadi **seksine**.” (data no 35)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Gatot saha Hasan. Pak Gatot maringi informasi dhumateng Hasan supados Hasan dados seksine menawi Wahyu bakal main bal ing tim karang Sari.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipunseseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘seksine’. Tembung ‘seksine’ kalebet dwibasa amargi ‘seksine’ menika tembung saking basa Jawa ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung saksinya. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘seksine’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘seksine’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun tembung lingga ‘seksi’ ingkang angsal panambang -ne dados seksi + -ne = seksine. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘seksine’ dipunginakaken dados wasesa amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados menapa ingkang badhe dipunlampahi.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika ngemu fungsi *representation*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Pak Gatot ingkang maringi informasi dhumateng Hasan kangge dados seksinipun Wahyu. Tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi negesaken utawi maringi *informasi* dhumateng tiyang sanes.

5) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *personal*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *personal* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(5) Darto: “Tak sobek **cangkemmu!**” (data no 12)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Darto, Hasan saha Wahyu. Pak Darto ngekspresikaken menawi piyambakipun sampun duka sanget amargi tumindhakipun Hasan.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘cangkemmu’. Tembung ‘cangkemmu’ menika kalebet dwibasa amargi ‘cangkemmu’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung mulutmu. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘cangkemmu’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘cangkemmu’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun tembung lingga ‘cangkem’ ingkang angsal panambang -mu dados cangkem + -mu = cangkemmu. Tembung ‘cangkemmu’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan menika dados jejer amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken sinten ingkang badhe nglampahi.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturanipun, tuturan menika kalebet fungsi *personal*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Darto ingkang ngandharaken raos dukanipun dhumateng tumindhakipun Hasan. Tuturan menika kalebet fungsi *personal* amargi wonten tuturan menika Darto ingkang

ngekspresikaken raos duka. Ngandharaken raos duka menika kalebet wujud saking fungsi *personal*.

6) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *personal*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *personal* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(6) Meli: “Sayang, sayang **gundulmu!**” (data no 15)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Meli saha Purnomo. Purnomo ingkang nembe nggodani Meli lajeng meli dados jengkel dhumateng Purnomo.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘gundulmu’. Tembung ‘gundulmu’ menika kalebet dwibasa amargi ‘gundulmu’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung kepalamu. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘gundulmu’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘gundulmu’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun tembung lingga ‘gundul’ ingkang angsal panambang -mu dados gundul + -mu = gundulmu. Tembung ‘gundulmu’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan menika dados lesan amargi wonten tuturan menika tembung ‘gundulmu’ dipundadosaken bab ingkang dipunlampahi.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturanipun, tuturan menika kalebet fungsi *personal*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Meli ingkang ngandharaken raos jengkelipun dhumateng Purnomo amargi dipungodani. Tuturan menika kalebet fungsi *personal* amargi wonten tuturan menika Meli ngandharaken raos jengkel. Ngandharaken raos jengkel menika kalebet wujud saking fungsi *personal*.

7) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *heuristik*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *heuristik* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(7) Darto: “Ngliat koen? Ngliat ora **matamu**?” (data no 29)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Wahyu. Pak Darto ingkang nembe duka amargi Wahyu dolanan bal lajeng paring pitakenan dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Indonesia ing Jawa amargi saking basa Jawi ingkang dipuneseli kaliyan basa Indonesia ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘matamu’. Tembung ‘matamu’ menika kalebet dwibasa amargi ‘matamu’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘matamu’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘matamu’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun saking tembung lingga ‘mata’ ingkang angsal panambang –mu dados mata + -mu =

matamu. Tembung ‘matamu’ wonten tuturan menika dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan menika dados wasesa.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *heuristik*. Gayut kaliyan konteksipun, Pak Darto ingkang nyuwun pirsa dhumateng Wahyu amargi sampun duka. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet fungsi *heuristik* wonten ing tuturan pitakenanipun pak Darto ingkang paring pitakenan saha mbetahaken wangsulan.

8) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *heuristik*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *heuristik* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(8) Bu Darto: “Piye le? Apa? Alhamdulillah le kamu **diterima**.” (data no 55)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Bu Darto saha Wahyu. Bu Darto ingkang bingah lajeng paring pitakenan dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Indonesia ing Jawa amargi saking basa Jawi ingkang dipunseseli kaliyan basa Indonesia ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘diterima’. Tembung ‘diterima’ menika kalebet dwibasa amargi ‘diterima’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘diterima’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘diterima’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun saking tembung lingga ‘terima’ ingkang angsal ater-ater di- dados di- + terima = diterima. Tembung ‘diterima’ wonten tuturan menika dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan menika dados lesan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *heuristik*. Gayut kaliyan konteksipun, Bu Darto ingkang nyuwun pirsa dhumateng Wahyu amargi pikanthuk kabar seneng. Wonten tuturan menika ingkang dados panandha tuturan menika kalebet fungsi *heuristik* wonten ing tuturan pitakenanipun Bu Darto ingkang paring pitakenan saha mbetahaken wangsulan.

9) Dwibasa tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *imajinatif*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung andhahan ingkang gadhah fungsi *imajinatif* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(9) Darto: “Muga-muga ora **berakhir** kaya bapakne.” (data no 16)

Konteks: *kutipan* pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Bu Darto. Pak Darto ingkang nembe lelenggahan wonten ngarep omah lajeng Bu Darto maringi pirsa menawi Wahyu dados pemain bal lajeng Pak Darto paring pangarep-arep dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Indonesia ing Jawa amargi saking basa Jawi ingkang dipuneseli kaliyan basa Indonesia ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘berakhir’. Tembung

‘berakhir’ menika kalebet dwibasa amargi ‘berakhir’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawa. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘berakhir’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘berakhir’ menika dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet tembung andhahan. Bab menika katingal saking wujudipun saking tembung lingga ‘akhir’ ingkang angsal ater-ater ber- dados ber- + akhir = berakhir. Tembung ‘berakhir’ wonten tuturan menika dipuntingali saking ancasipun dipunginakaken kangge ngandharaken ingkang taksih arupi angen-angen.

Dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *imajinatif*. Tembung ‘berakhir’ kasebat dipunandharaken nalika Pak Darto damel pangangen-angen supados Wahyu nasibipun boten sami kaliyan bapakipun. Tuturan menika kalebet fungsi *imajinatif* amargi wonten tuturan menika paring pangangen-angenan dhumateng Wahyu. Tuturan ingkang taksih pangangen-angen menika kalebet wujud saking fungsi *imajinatif*.

c. Dwibasa Campur Kode Awujud Tembung Wancah

Dwibasa ingkang awujud tembung wancah saged dipunpanggiaken fungsi inggih menika fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representasion*, fungsi *interaksional*, saha fungsi *heuristik*. Andharanipun saged dipunwaos wonten ing ngandhap menika.

1) Dwibasa tembung wancah ingkang gadhah fungsi *instrumental*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung wancah ingkang gadhah fungsi *instrumental* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(1) Hasan: “Bikinin aku kopi, biar **ndak** ketahuan bapakmu.” (data no 19)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Hasan nyuwun dipundamelaken kopi kaliyan Wahyu ingkang nembe dodolan supados pak Darto boten *curiga* dhumateng piyambakipun.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘ndak’. Tembung ‘ndak’ menika saking basa Indonesia ingkang kadyan saking basa Jawi saengga dados basa Jawi ingkang tegesipun boten utawi sanes. Tembung ‘ndak’ menika kalebet dwibasa amargi ‘ndak’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *tidak* utawi *nggak*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘ndak’ kalebet dwibasa.

Saking konstruk morfologisipun, tembung ‘ndak’ menika wujudipun kalebet dwibasa tembung wancahan. Tembung ‘ndak’ kalebet tembung wancahan amargi ngicali tembung lingga kangge nyekakaken pocapanipun saking tembung lingga ‘tidak’ ingkang kadyan saking basa Jawi dados ‘ndak’. Tembung ‘ndak’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘ndak’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *instrumental*. Tembung ‘ndak’ kasebat dipunandharaken nalika Hasan

ngutus dipundamelaken kopi kaliyan Wahyu supados Pak Darto boten *curiga* kaliyan Hasan. Tuturan menika kalebet fungsi *instrumental* amargi wonten tuturan menika Hasan ngutus dipundamelaken kopi kaliyan Wahyu. Ngutus dhumateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *instrumental* saking tembung ‘bikinin’.

2) Dwibasa tembung wancah ingkang gadhah fungsi *regulasi*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung wancah ingkang gadhah fungsi *regulasi* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(2) Hasan: “Masih ada harapan **le**, jangan sedih kayak gitu.” (data no 31)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Wahyu ingkang nandang sedhih amargi boten saged dolanan bal malih lajeng Hasan maringi pitutur dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘le’. Tembung ‘le’ menika kalebet dwibasa amargi ‘le’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘le’ kalebet dwibasa.

Saking konstruk morfologisipun, tembung ‘le’ menika wujudipun kalebet dwibasa tembung wancahan. Tembung ‘le’ kalebet tembung wancahan amargi ngicali tembung lingga kangge nyekakaken pocapanipun saking tembung lingga ‘thole’. Tembung ‘le’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking

kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘le’ gadhah ancas kangge ngandharaken jejer.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *regulasi*. Tembung ‘le’ kasebat dipunandharaken nalika Hasan maringi pitutur dhumateng Wahyu ingkang nembe nandang sedhih. Tuturan menika kalebet fungsi *regulasi* amargi wonten tuturan menika Hasan maringi pitutur dhumateng Wahyu. Paring pitutur dhumateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *regulasi*.

3) Dwibasa tembung wancah ingkang gadhah fungsi *representasion*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung wancah ingkang gadhah fungsi *representasion* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(3) Hasan: “**Le**, Pak Gatot ini rajanya taruhan.” (data no 3)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Hasan ingkang paring informasi dhumateng Wahyu bilih Pak Gatot menika rajanipun taruhan dados kedhah atos-atos.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘le’. Tembung ‘le’ menika kalebet dwibasa amargi ‘le’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘le’ kalebet dwibasa.

Saking konstruk morfologisipun, tembung ‘le’ menika wujudipun kalebet dwibasa tembung wancahan. Tembung ‘le’ kalebet tembung wancahan amargi ngicali tembung lingga kangge nyekakaken pocapanipun saking tembung lingga ‘thole’. Tembung ‘le’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘le’ gadhah ancas kangge ngandharaken jejer.

Dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *representation*. Tembung ‘le’ kasebat dipunandharaken nalika Hasan negesaken utawi maringi *informasi* dhumateng Wahyu menawi pak Gatot menika rajanipun taruhan. Tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi wonten tuturan menika Hasan negesaken utawi paring informasi dhumateng Wahyu. Negesaken utawi paring *informasi* dhumateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *representation*.

4) Dwibasa tembung wancah ingkang gadhah fungsi *representation*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung wancah ingkang gadhah fungsi *representation* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(4) Pak Gatot: “Aku pamit **sek** ya le. Kuwi kudamu disana.” (data no 50)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Pak Gatot. Pak Gatot ingkang badhe wangsul lajeng pamitan saha ngandharaken informasi dhumateng Wahyu.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘sek’. Tembung ‘sek’ menika kalebet dwibasa amargi ‘sek’ menika tembung saking basa

Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘sek’ kalebet dwibasa.

Saking konstruk morfologisipun, tembung ‘sek’ menika wujudipun kalebet dwibasa tembung wacahan. Tembung ‘sek’ kalebet tembung wacahan amargi ngicali tembung lingga kangge nyekakaken pocapanipun saking tembung lingga ‘dhisek’. Tembung ‘sek’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘sek’ gadhah ancas kangge ngandharaken lesan.

Dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *representation*. Tembung ‘sek’ kasebat dipunandharaken nalika Pak Gatot negesaken utawi maringi *informasi* dhumateng Wahyu menawi jaranipun pak Gatot ingkang kangge Wahyu wonten ing mriku lajeng pak Gatot badhe pamitan. Tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi wonten tuturan menika pak Gatot negesaken utawi paring *informasi* dhumateng Wahyu. Negesaken utawi paring *informasi* dhumateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *representation*.

5) Dwibasa tembung wacah ingkang gadhah fungsi *interaksional*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung wacah ingkang gadhah fungsi *interaksional* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(5) Pak Gatot: “Salam **nggo** bapakmu, dulu bapakmu koyo koen.” (data no 51)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun pak Gatot saha Wahyu. Pak Gatot ingkang nembe pawicantenan kaliyan Wahyu lajeng nyiptakaken reraketan amargi paring salam kangge bapakipun Wahyu.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipunseseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘nggo’. Tembung ‘nggo’ menika kalebet dwibasa amargi ‘nggo’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘nggo’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘nggo’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa tembung wacahan. Tembung ‘nggo’ kalebet tembung wacahan amargi ngicali tembung lingga kangge nyekakaken pocapanipun saking tembung lingga ‘kanggo’. Tembung ‘nggo’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘nggo’ gadhah ancas kangge ngandharaken wasesa.

Tembung ‘nggo’ kasebat dipunandharaken nalika Pak Gatot ngandharaken salam kangge bapakipun Wahyu, raos menika nyiptakaken reraketan. Tuturan menika kalebet fungsi *interaksional* amargi wonten tuturan pak Gatot menika nyiptakaken reraketan paseduluran.

6) Dwibasa tembung wacah ingkang gadhah fungsi *heuristik*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung wacah ingkang gadhah fungsi *heuristik* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(6) Pak Susilo: “Ada apa **Nduk** kok teriak?” (data no 14)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Susilo saha Indah. Indah ingkang nembe bikak jendela lajeng wonten Wahyu saengga Indah dados kaget lan gembor, lajeng Pak Susilo paring pitakenan dhumateng Indah.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘nduk’. Tembung ‘nduk’ menika kalebet dwibasa amargi ‘nduk’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘nduk’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘nduk’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa tembung wacahan. Tembung ‘nduk’ kalebet tembung wacahan amargi ngicali tembung lingga kangge nyekakaken pocapanipun saking tembung lingga ‘genduk’. Tembung ‘nduk’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘nduk’ gadhah ancas kangge ngandharaken jejer.

Tembung ‘nduk’ kasebat dipunandharaken nalika Pak Susilo paring pitakenan dhumateng Indah kenging menapa piyambakipun njerit. Tuturan menika kalebet fungsi *heuristik* amargi wonten tuturan menika Pak Susilo paring pitakenan dhumateng Indah. Paring pitakenan dhumateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *heuristik*.

d. Dwibasa Campur Kode Awujud Tembung Rangkep

Dwibasa ingkang awujud tembung rangkep saged dipunpanggiaken fungsi inggih menika fungsi *representasion* saha fungsi *interaksional*. Andharan

ngengingi dwibasa awujud tembung rangkep saged dipuntingali ing ngandhap menika.

1) Dwibasa tembung rangkep ingkang gadhah fungsi *representasion*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung rangkep ingkang gadhah fungsi *representasion* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(1) Darto: “Pergi subuh, pulang **mindhik-mindhik** kaya maling.” (data no 10)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Wahyu. Pak Darto negesaken perkawis tumindhakipun Wahyu menapa piyambakipun wangsul omah mindik-mindik.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia amargi saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘mindhik-mindhik’. Tembung ‘mindhik-mindhik’ menika kalebet dwibasa amargi ‘mindhik-mindhik’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung *sembunyi-sembunyi*. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘mindhik-mindhik’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘mindhik-mindhik’ miturut teori linguistik tradisional kalebet dwibasa tembung rangkep amargi tembung ‘mindhik-mindhik’ menika boten saged wangsul ing tembung asalipun amargi tembung mindhik boten kalebet basa baku saha dados tembung rangkep semu kadosta tembung ager-ager, undur-undur, lan sapanungalanipun. Tembung ‘mindhik-mindhik’ wonten tuturan menika

menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘mindhik-mindhik’ gadhah ancas kangge ngandharaken wasesa.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *representation*. Tembung ‘mindhik-mindhik’ kasebat dipunandharaken nalika Pak Darto negesaken perkawis tumindhakipun Wahyu. Tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi wonten tuturan menika Pak Darto negesaken tumindhakipun Wahyu. Negesaken tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *representation*.

2) Dwibasa tembung rangkep ingkang gadhah fungsi *representation*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung rangkep ingkang gadhah fungsi *representation* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(2) Hasan: “Gak usah **jauh-jauh** saka langit pak, di desa tetangga aja ada pemain hebat.” (data no 49)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Gatot saha Hasan. Pak Gatot ingkang nembe bingung amargi tim pemain kirang lajeng Hasan maringi informasi menawi wonten pemain saking Hasan.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘jauh-jauh’. Tembung ‘jauh-jauh’ menika kalebet dwibasa amargi ‘jauh-jauh’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘jauh-jauh’ menika kalebet dwibasa.

Tembung ‘jauh-jauh’ menawi dipuntingali saking wujudipun tembung kalebet dwibasa tembung rangkep. Tembung ‘jauh-jauh’ kalebet tembung rangkep dwilingga inggih menika pangulangan kanthi cara wutuh saha boten ngubah makna saking lingganipun saha dipunwangsul pocabanipun inggih menika tembung ‘jauh’. Tembung menika kalebet tembung rangkep amargi boten saged wangsul wonten ing konstrukipun. Tembung ‘jauh-jauh’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘jauh-jauh’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *representation*. Tembung ‘jauh-jauh’ kasebat dipunandharaken nalika Hasan maringi *informasi* dhumateng pak Gatot menawi piyambakipun gadhah pemain ingkang hebat. Tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi wonten tuturan menika Hasan ngandharaken informasi dhumateng pak Gatot. Ngandharaken informasi dhumateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *representation*.

3) Dwibasa tembung rangkep ingkang gadhah fungsi *interaksional*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud tembung rangkep ingkang gadhah fungsi *interaksional* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(3) Wahyu: “Kowe ora **kenapa-kenapa** dik?” (data no 26)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Wahyu saha Brandon. Wahyu ingkang nembe mlampah kaliyan kanca-kanca ningali bocah cilik ingkang dipunroyok lajeng Wahyu nyuwun pirsu dhumateng Brandon.

Saking data ing inggil menika ngemu wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet campur kode. Data menika kalebet campur kode Indonesia ing Jawa amargi saking basa Jawi ingkang dipunseseli kaliyan basa Indonesia ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘kenapa-kenapa’. Tembung ‘kenapa-kenapa’ menika kalebet dwibasa amargi ‘kenapa-kenapa’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung kepiye. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘kenapa-kenapa’ kalebet dwibasa.

Tembung ‘kenapa-kenapa’ menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun kalebet dwibasa tembung rangkep. Tembung ‘kenapa-kenapa’ kalebet tembung rangkep mliginipun dwilingga salin swara inggih menika pangulangan kanthi cara wutuh saha boten ngubah makna saking lingganipun saha dipunwangsul pocabanipun inggih menika tembung ‘kenapa’. Tembung menika kalebet tembung rangkep amargi boten saged wangsul wonten ing konstrukipun. Tembung ‘kenapa-kenapa’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘kenapa-kenapa’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan saha ukara kangge pitakenan.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *interaksional*. Tembung ‘kenapa-kenapa’ kasebat dipunandharaken nalika Wahyu ingkang ningali bocah cilik dipunroyok lajeng nyuwun pirsa dhumateng bocah kasebat. Tuturan menika kalebet fungsi *interaksional* amargi wonten tuturan menika Wahyu nyuwun pirsa dhumateng Brandon. Nyuwun pirsa dhumateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *interaksional*.

e. Dwibasa Campur Kode Awujud Kelompok Tembung

Dwibasa ingkang awujud kelompok tembung saged dipunpangguhaken kalih fungsi inggih menika fungsi *instrumental* saha fungsi *representasion*. Andharan ngengingi dwibasa awujud kelompok tembung saged dipuntingali saha dipunwaos ing ngandhap menika.

1) Dwibasa awujud kelompok tembung ingkang gadhah fungsi *instrumental*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud kelompok tembung ingkang gadhah fungsi *instrumental* ingkang kapangguhaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(1) Darto: “Diem koen, **anak bawang**! Koen ra ngerti apa-apa. Ayo mulih!” (data no 33)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Wahyu. Pak Darto ingkang nembe nandang duka lajeng ngajak Wahyu wangsul.

Saking data ing inggil menika ngemu dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘anak bawang’. Tembung ‘anak bawang’ menika kalebet dwibasa amargi ‘anak bawang’ menika tembung saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Jawi, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung bocah cilik. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘anak bawang’ kalebet dwibasa.

Menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun tembung ‘anak bawang’ menika kalebet tembung camboran. Tembung ‘anak bawang’ kalebet kelompok tembung utawi tembung camboran amargi gabungan saking kalih tembung ingkang nedahaken makna enggal. Tembung menika kapancak saking tembung ‘anak’ inggih tembung lingga saha tembung ‘bawang’ inggih tembung

lingga lajeng ‘anak bawang’ menika tegesipun bocah cilik ingkang dereng mangertos menapa-menapa. Tembung ‘anak bawang’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan, tembung ‘anak bawang’ gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *instrumental*. Tembung ‘anak bawang’ kasebat dipunandharaken nalika Pak Darto nembe nandang raos duka lajeng ngajak wangsul dhumateng Wahyu. Tuturan menika kalebet fungsi *instrumental* amargi wonten tuturan menika Pak Darto ngajak wangsul dhumateng Wahyu. Titikanipun wonten ing tembung ‘ayo’.

2) Dwibasa awujud kelompok tembung utawi *frasa* ingkang gadhah fungsi *representation*

Gayut kaliyan wujud saha fungsipun dwibasa awujud kelompok tembung ingkang gadhah fungsi *representation* ingkang kapanggihaken ing panaliten menika, tuladhanipun kados menika.

(2) Wahyu: “Ah Pak lik ini, aku kan cuma **wong ndeso**.” (data no 37)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Hasan saha Wahyu. Wahyu paring pirsu dhumateng Hasan menawi piyambakipun tiyang ndeso dados boten sami kaliyan *pemain Timnas*.

Saking data ing inggil menika ngemu dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten ing tembung ‘wong ndeso’. Data menika kalebet campur kode Jawa ing Indonesia saking basa Indonesia ingkang dipuneseli kaliyan basa Jawi. Tembung ‘wong ndeso’ menika kalebet dwibasa amargi ‘wong ndeso’ menika tembung saking basa Jawi ingkang dipunginakaken sinambung kaliyan basa Indonesia, ingkang kedhahipun panutur migunakaken tembung

orang desa. Bab menika ingkang nyebabaken tembung ‘wong ndeso’ kalebet dwibasa.

Menawi dipuntingali saking konstruk morfologisipun tembung ‘wong ndeso’ menika kalebet tembung camboran. Tembung ‘wong ndeso’ kalebet kelompok tembung utawi tembung camboran amargi gabungan saking kalih tembung ingkang nedahaken makna enggal. Tembung menika kapancak saking tembung ‘wong’ inggih tembung lingga saha tembung ‘ndeso’ inggih tembung lingga lajeng ‘wong ndeso’ menika tegesipun tiyang ingkang saking desa. Tembung ‘wong ndeso’ wonten tuturan menika menawi dipuntingali saking kalenggahanipun wonten tuturan gadhah ancas kangge ngandharaken katrangan.

Menawi dpuntingali saking konteks tuturipun, tuturan menika kalebet fungsi *representation*. Tembung ‘wong ndeso’ kasebat dipunandharaken nalika Wahyu paring informasi dhumateng lik Hasan menawi piyambakipun menika wong ndeso boten sami kaliyan *pemain Timnas*. Tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi wonten tuturan menika Wahyu paring infomasi dhumateng lik Hasan. Paring *informasi* dhateng tiyang sanes menika kalebet wujud saking fungsi *representation*.

2. Dwibasa Awujud Alih Kode

Dwibasa awujud alih kode menika saged dipunpangguhaken satunggal bahasan inggih menika *klausa*. Dwibasa ingkang awujud *klausa* saged dipunpangguhaken sekawan jinis fungsi, inggih menika fungsi *instrumental*,

fungsi *representation*, fungsi *personal*, saha fungsi *heuristik*. Andharanipun saged dipunwaos ing ngandhap menika.

a. Dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *instrumental*

Salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *instrumental* ingkang saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(1) Darto: “Wahyu..ayo **mulih** saja daripada disini.” (data no 4)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Wahyu. Pak Darto saha Wahyu ingkang nembe wonten ing griyanipun Pak Kades lajeng ngajak Wahyu wangsul ing griyanipun.

Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Pak Darto ingkang ngemu kalih klausa. Ingkang klausa kaping satunggal inggih menika Wahyu ayo mulih saja, lajeng klausa kaping kalih inggih menika daripada disini. Wonten ing tuturan menika ngemu kalih basa saking basa Jawi – basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. Tuturanipun Pak Darto menika kapanggihaken kalih klausa ingkang basanipun beda, ingkang Wahyu ayo mulih saja menika saking basa Jawa, salajengipun klausa daripada disini menika saking basa Indonesia. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Saking konstruk morfologisipun, tembung ‘mulih’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘mulih’ dipunginakaken dados wasesa

amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken bab menapa ingkang badhe dipunlampahi.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *instrumental*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Pak Darto ingkang ngajak Wahyu wangsul saking griyanipun Pak Kades. Tuturan menika kalebet fungsi *instrumental* amargi ngajak dhumateng tiyang sanes saking titikanipun tembung ‘ayo’.

b. Dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *instrumental*

Salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *instrumental* ingkang saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(2) Bu Darto: “Wahyu, ayo cepat. Bapaknya sudah **muring-muring** nungguin kamu.” (data no 8)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Bu Darto saha Wahyu. Bu Darto ingkang ngutus Wahyu supados enggal cepet amargi sampun dipuntengga kaliyan bapakipun.

Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Bu Darto ingkang ngemu kalih klausa. Ingkang klausa kaping satunggal inggih menika Wahyu ayo cepat, lajeng klausa kaping kalih inggih menika bapaknya sudah muring-muring nungguin kamu. Wonten ing tuturan menika ngemu kalih basa saking basa Indonesia – basa Jawi ingkang dipunginakaken gantos. Tuturanipun Bu Darto menika kapanggihaken kalih klausa ingkang basanipun beda, ingkang Wahyu ayo cepat menika saking basa Indonesia, salajengipun

klausa bapaknya sudah muring-muring nungguin kamu menika saking basa Jawi.

Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Saking konstruk morfologisipun, tembung ‘muring-muring’ menika kalebet tembung rangkep saking tembung lingga muring ingkang dipunambali pocapanipun. Menawi dipuntingali saking kalenggahan wonten ukara tembung ‘muring-muring’ dipunginakaken dados wasesa amargi wonten ujaran menika dipunginakaken dados ngandharaken bab menapa ingkang badhe dipunlampahi.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, tuturan dwibasa menika dipunandharaken kalebet fungsi *instrumental*. Gayut kaliyan konteksipun inggih menika Bu Darto ingkang ngutus Wahyu supados enggal cepet amargi bapakipun sampun muring-muring nunggu Wahyu. Tuturan menika kalebet fungsi *instrumental* amargi ngutus dhumateng tiyang sanes saking titikanipun tembung ‘ayo’.

c. Dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *representasion*

Salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *representasion* ingkang saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(3) Wahyu: “Indah, aku cuma mau ngasih tahu kalau nanti sore aku ada pertandingan di desa Karang Sari.”

Indah: “Karang Sari? Ngapain kamu main disana?”

Wahyu: “Aku disewa buat main bola, memperkuat tim. Kowe datang ya karo Meli.” (data no 28)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Wahyu saha Indah. Wahyu ingkang nembe pawicantenan kaliyan Indah lajeng paring informasi menawi Wahyu badhe main bal wonten desa Karang Sari.

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Wahyu ingkang ngemu kalih basa inggih menika basa Indonesia saha basa Jawi ingkang dipunginakaken kanthi gantosan. Data tuturan Wahyu “Aku disewa buat main bola memperkuat tim” menika perangan ingkang saking basa Indonesia, salajenganipun “Kowe datang ya karo Meli” menika perangan ingkang saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data tuturan menika kalebet fungsi *representation* amargi data tuturan menika ngemu fungsi paring *informasi* dhumateng tiyang sanes. Wonten data tuturan menika Wahyu paring pirsa dhumateng Indah menawi Wahyu badhe main bal wonten ing desa Karang Sari lajeng Indah dipunningali kaliyan Meli.

d. Dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *personal*

Salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *personal* ingkang saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(4) Darto: “Sudah cukup koen njejelin mimpi ke anakku, San.”

Hasan: “Anakmu beda sama kamu, To!”

Darto: “Prek!! Mulutmu ndak pernah berubah. Bocah ora urus.” (data no 42)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Darto saha Hasan. Darto ingkang nembe duka lajeng ngandharaken raos duka dhumateng Hasan menawi Hasan menika sampun dadosaken wahyu asring dolanan bal.

Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Pak

Darto. Tuturanipun pak Darto “Prek!!Mulutmu ndak pernah berubah. Bocah ora urus.” ingkang ngemu kalih basa inggih menika basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. Tuturan Darto wonten ing inggil menika kapanggihaken kalih *klausa* ingkang basanipun beda ingkang “Mulutmu ndak pernah berubah” menika saking basa Indonesia lajeng perangan “Bocah ora urus” menika saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturipun, data tuturan menika kalebet fungsi *personal*, amargi data tuturan menika ngandharaken raos dukanipun tiyang dhumateng tiyang sanes. Wonten tuturan menika Pak Darto ngandharaken raos duka dhumateng Hasan menawi Hasan menika sampun ndadosaken Wahyu dolanan bal.

e. Dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *personal*

Salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *personal* ingkang saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(5) Darto: “Bapaknya nyari duit sampai modiar, anaknya malah **dolanan** bola.”
(data no 6)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Pak Darto saha Wahyu. Pak Darto ingkang sampun duka lajeng ngandharaken raos dukanipun dhumateng Wahyu amargi wahyu dolanan bal.

Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking konstruk basanipun kalebet alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Pak Darto. Tuturanipun pak Darto “bapaknya nyari duit sampai modiar, anaknya

malah dolanan bola” ingkang ngemu kalih basa inggih menika basa Indonesia saha basa Jawi ingkang dipunginakaken gantos. Tuturanipun Pak Darto wonten ing inggil menika kapanggihaken kalih *klausa* ingkang basanipun beda ingkang “Bapaknya nyari duit sampai modiar” menika saking basa Indonesia lajeng perangan “Anaknya malah dolanan bola” menika saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturipun, data tuturan menika kalebet fungsi *personal*, amargi data tuturan menika ngandharaken raos dukanipun tiyang dhumateng tiyang sanes. Wonten tuturan menika Pak Darto ngandharaken raos duka dhumateng Wahyu.

f. Dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *heuristik*

Salajengipun ing ngandhap menika badhe kaandharaken dwibasa awujud alih kode ingkang gadhah fungsi *heuristik* ingkang saged dipuntingali ing ngandhap menika.

(6) Wahyu: “Pur, Mitro nang endi?”

Purnomo: “Kae lagi gemes-gemesan karo Meli.”

Wahyu: “Apa itu gemes-gemesan Pur?”

Purnomo: “Itu lho kayak cicak saat bulan purnama.”

Wahyu: “Kamu aneh-aneh saja.” (data no 60)

Konteks: kutipan pawicantenan antawisipun Wahyu saha Purnomo. Wahyu ingkang nembe bingung madosi Mitro lajeng nyuwun pirs dhumateng Purnomo, wonten ing pawicantenan menika Purnomo lajeng mangsuli pitakenanipun Wahyu.

Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode ingkang titikanipun wonten tuturipun Wahyu ingkang ngemu kalih basa inggih menika basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken kanthi gantos.

Data tuturan Wahyu “Apa itu gemes-gemesan Pur?” saha “Kamu itu aneh-aneh saja” menika perangan ingkang saking basa Indonesia, salajengipun “Pur, Mitro nang endi?” menika perangan ingkang saking basa Jawi. Bab menika ingkang nyebabaken data tuturan menika kalebet dwibasa.

Menawi dipuntingali saking *konteks* tuturipun, data tuturan menika kalebet fungsi *heuristik*, amargi data tuturan menika paring pitakenan dhumateng tiyang sanes saha mbetahaken wangsulan. Wonten tuturan menika Wahyu paring pitakenan dhumateng Purnomo babagan Mitro wonten ing pundi. Paring pitakenan dhumateng tiyang sanes menika titikanipun saking fungsi *heuristik*.

BAB V PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembaganipun ngengingi panganggening dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* saged dipunpendhet dudutan ing ngandhap menika.

1. Wujud dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* dipunpanggiaken inggih menika awujud campur kode saha alih kode. Campur kode awujud tembung lingga gadhah fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representation*, fungsi *personal*, fungsi *interaksional*, saha fungsi *heuristik*. Campur kode tembung andhahan kapanggiaken fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representation*, fungsi *personal*, fungsi *heuristik*, saha fungsi *imajinatif*. Campur kode awujud tembung wancah kapanggiaken fungsi *instrumental*, fungsi *regulasi*, fungsi *representation*, fungsi *interaksional*, saha fungsi *heuristik*. Campur kode awujud tembung rangkep kapanggiaken fungsi *representation* saha fungsi *interaksional*. Campur kode awujud tembung camboran saged kapanggiaken fungsi *instrumental* saha fungsi *representation*. Menawi ingkang alih kode menika awujud ewah-ewahan basa wonten *klausa*. Alih kode saged kapanggiaken fungsi *instrumental*, fungsi *representation*, fungsi *personal* saha fungsi *heuristik*.
2. Fungsi dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* inggih menika fungsi *instrumental* kangge paring utusan utawi paring ajakan dhumateng tiyang sanes, fungsi *regulasi* kangge ngemutaken dhumateng tiyang sanes, fungsi

representasion kangge maringi informasi dhumateng tiyang sanes, fungsi *interasional* menika kangge nyiptakaken reraketan utawi paring pitakenan, fungsi *personal* menika kangge ngandharaken raosipun panutur dhumateng tiyang sanes, fungsi *heuristik* menika kangge paring pitakenan dhumateng tiyang sanes ingkang mbetahaken wangsulan, saha fungsi *imajinatif* menika kangge ngandharaken pangangen-angen dhumateng tiyang sanes.

3. Film *Tendangan Dari Langit* menika dipunginakaken wonten ing panaliten amargi ngginakaken kalih basa inggih menika basa Indonesia minangka basanipun, ananging kapanggihaken basa Jawi mliginipun dialek Jawa Timuran minangka sarana wawanrembag para paraganipun saha kangge nedahaken menawi paraganipun menika tiyang Jawi saha badhe motret fenomena basa ingkang wonten ing zaman samenika.

B. Implikasi

Adhedhasar asiling panaliten ingkang kapanggihaken wonten ing panaliten menika, wonten *implikasi* inggih menika panaliten ngrembag panganggening dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit*. Salebeting panaliten menika dipunpanggihaken mapinten-pinten wujud saha fungsi dwibasa ingkang dipunginakaken dening para paraganipun. Panaliten menika dipunkajengaken saged nyukani *kontribusi* kangge pendidikan, supados paraga pendidikan ingkang maos saged mangertos menapa kemawon wujud saha fungsipun dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit*.

Kangge mahasiswa Pendidikan Basa Jawa FBS UNY, asiling panaliten menika saged dipundadosaken acuan kangge ngelmu bab dwibasa. Kangge Panali,

asiling panaliten menika ugi saged dados *referensi* kangge panaliten sanesipun babagan dwibasa.

C. Pamrayogi

Pamrayogi adhedhasar dudutan saha *implikasi* ingkang sampun dipunandharaken, panaliti saged paring pamrayogi ing ngandhap menika:

1. Panganggening dwibasa salebeting film *Tendangan Dari Langit* menika taksih saged dipunrembag malih, amargi taksih kathah kekirangan wonten ing panaliten menika.
2. Panaliten tumrap Panganggening dwibasa menika namung ngandharaken wujud saha fungsi dwibasa kanthi *deskriptif*. Awit saking menika, kedah dipunandharaken malih panaliten ingkang sanesipun kanthi ngginakaken *analisis* ingkang sami utawi beda.

KAPUSTAKAN

- Alwasilah, Chaedar. 1985. *Sosiologi Bahasa*. Bandung : Angkasa.
- Bungin, Burhan. 2012. *Analisis Data Penelitian Kualitatif*. Jakarta: Rajawali pers.
- Chaer, Abdul. 2007. *Kajian Bahasa: Struktur Internal, Pemakaian, dan Pembelajaran*. Jakarta : Rineka Cipta.
- _____ dan Agustina, Leonie. 2004. *Soiolinguistik Perkenalan Awal*. Jakarta : Rineka Cipta.
- Halliday dan Hasan, Ruqaiya. 2004. *Bahasa, Konteks, dan Teks Aspek-aspek dalam Pandangan Semiotik Sosial*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Hastuti P.H. 1989. *Sekitar Analisis Kesalahan Berbahasa Indonesia*. Yogyakarta: PT Mitra Gama Widya.
- Kamarudin. 1989. *Kedwibahasaan dan Pendidikan Dwibahasa (Pengantar)*. Jakarta: Depaeteman Pendidikan dan Kebudayaan Direktorat Jendral Pendidikan Tinggi Pengembangan.
- Kartamihardja, S. 1988. *Bahasa Cermin Kehidupan Masyarakat*. Jakarta: Depdikbud.
- Keraf, Gorys. 2001. *Komposisi: Sebuah Pengantar kemahiran*. Flores: Nusa Indah.
- Leech, Geoffrey. 1993. *Prinsip-prinsip Pragmatik*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Mahsun. 2007. *Metode Penelitian Bahasa: tahapan strategi, metode, dan tekniknya*. Jakarta: PT Raja Grafindo Persada.
- Moleong, Lexy J. 1998. *Metode Penelitian Kualitatif*. Bandung: Rosdakarya.
- Mulyana. 2009. *Linguistik Umum*. Yogyakarta : Fakultas Bahasa dan Seni Universitas Negeri Yogyakarta.
- M.S, Prof. Dr. Mahsun. 2005. *Metode Penelitian Bahasa*. Jakarta : Rajawali Pers.
- Nababan.P.W.J. 1984. *Sosiolinguistik: Suatu Pengantar*. Jakarta: PT Gramedia.
- Nababan. 1992. *Survey Kedwibahasaan di Indonesia*. Jakarta: Depdikbud.
- Nurhayati, Endang. 2009. *Sosiolinguistik. Kajian Kode Tutur dalam Wayang Kulit*. Yogyakarta: Kanwa Publisher.

- Nurhayati, Endang, dan Siti Mulyani. 2006. *Linguistik Bahasa Jawa: Fonologi, Morfologi, Sintaksis, dan Semantik*. Yogyakarta: Bagaskara.
- Ohoiwutul, Paul. 2002. *Sosiolinguistik: Memahami bahasa dalam Konteks Masyarakat dan Kebudayaan*. Jakarta: Kesaint.
- Poedjasoedarmo, S. 1979. *Tingkat Tutur Bahasa Jawi*. Jakarta Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa Indonesia.
- Rahardi, R. Kunjana. 2002. *Sosiolinguistik, Kode, dan Alih Kode*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Setiyanto, Aryo Bimo. 2007. *Parama Sastra Bahasa Jawa*. Yogyakarta: Panji Pustaka.
- Soewito. 1982. *Pengantar Awal, Sosiolinguistik Teori dan Problematika*. Surakarta: Henary Offset Surakarta.
- Sudaryanto. 1988. *Metode Linguistik Bagian Pertama Ke Arah Memahami Metode Linguistik*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.
- Suhardi, Basuki. 2009. *Pedoman Penelitian Sosiolinguistik*. Jakarta: Pusat Bahasa Departemen Pendidikan Nasional.
- Sumarsono, dan Paina Partana. 2002. *Sosiolinguistik*. Yogyakarta : SABDA dan Pustaka Pelajar.
- Suwandi, Sarwiji. 2008. *Serbalinguistik (mengupas berbagai praktik berbahasa)*. Surakarta: LPP UNS dan UNS Press.
- Wibawa, Sutrisna dkk. 2004. *Buku Pegangan Kuliah Mata Pelajaran Bahasa Jawa*. Yogyakarta : Pendidikan Sekolah Dasar Fakultas Ilmu Pendidikan Universitas Negeri Yogyakarta.

Tabel 3.0 Analisis wujud saha fungsi panganggening dwibasa ing salebeting film Tendangan Dari Langit.

No	Data	Wujud Dwibasa				Fungsi Dwibasa							Indikator
		Konstruk Morfologis		Konstruk Basa		Ins	Reg	Rps	Int	Per	Heu	Ima	
		Tb	KT	AK	CK								
1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
1.	Hasan: “ Kakimu jancuk tenan le.”	√			√			√					Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking <i>konstruk</i> basanipun kalebet campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kakimu’ saking basa Indonesia ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. Dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘kakimu’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga kaki ingkang angsal panambang –mu. Menawi dipuntingali saking konteks tutur, data menika ngemu fungsi <i>representation</i> amargi tuturan menika gadhah ancas ngandharaken/ maringi <i>informasi</i> dhumateng tiyang sanes.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
2.	Pemuda kampung: “Bakal disenengi Pak Kades tuh.”	√			√	√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking <i>konstruk</i> basanipun keleet campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘disenengi’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘disenengi’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘seneng’ angsal ater-ater di- saha panambang -i. - Dipunpanggihi wonten konteks tutur, fungsi dwibasa ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>instrumental</i>.
3.	Hasan: “ Le , Pak Gatot ini rajanya taruhan.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking <i>konstruk</i> basanipun kalebet campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘le’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘le’ menika kalebet tembung wancah saking tembung lingga ‘thole’. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika kalebet fungsi <i>representation</i> amargi paring informasi.
4.	Darto: “Wahyu..ayo mulih saja daripada disini.”	√		√		√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking <i>konstruk</i> basanipun kalebet alih kode kanthi titikanipun wonten kalih klausa saking basa Jawi-basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i> tembung ‘mulih’ menika kalebet tembung lingga. - Menawi dipuntingali saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>instrumental</i> ingkang titikanipun saking tembung “ayo”.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
5.	Darto: “ Ngopo Yu kerumah Pak Kades?”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking <i>konstruk</i> basanipun kalebet campur kode kanthi titikanipun tembung ‘ngopo’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘ngopo’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi heuristik amargi paring pitakenan ingkang mbetahaken wangsulan.
6.	Darto: “Bapaknya nyari duit sampai modiar, anaknya malah dolanan bola.”	√		√						√			- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode kanthi titikanipun wonten kalih klausa saking basa Indonesia-basa Jawi. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘dolanan’ menika kalebet tembung andhahan amargi angsal panambang –an

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													saking tembung lingga dolan. - Menawi dipuntinggali saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>personal</i> amargi ngandharaken raos duka dhumateng tiyang sanes.
7.	Pemuda kampung: “Anak sampean hebat Pak Darto.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking <i>konstruk</i> basanipun kalebet campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘sampean’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘sampean’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipunpanggihi saking konteks tuturipun, fungsi dwibasa ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representation</i> amargi maringi informasi dhumateng tiyang sanes.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
8.	Bu Darto: “Wahyu, ayo cepat. Bapaknya sudah muring-muring nungguin kamu.”	√		√		√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa saking <i>konstruk</i> basanipun kalebet alih kode kanthi titikanipun wonten kalih klausa saking basa Indonesia-basa Jawi. - Dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘muring-muring’ menika kalebet tembung rangkep saking tembung lingga muring ingkang dipunambali wicantenanipun. - Saking konteks tutur menika dipunpanggihi fungsi dwibasa inggih menika kalebet fungsi <i>instrumental</i> amargi ngutus tiyang sanes.
9.	Darto: “Jangan dikira bapak ndak tahu polahmu tiap pagi.”	√			√		√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘polahmu’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘polahmu’ menika wujud tembung andhahan saking tembung lingga ‘polah’ ingkang angsal panambang – mu. - Dipuntingali saking konteks tuturipun data menika ngemu fungsi <i>regulasi</i> amargi ngemutaken tiyang sanes.
10.	Darto: “Pergi subuh, pulang mindhik-mindhik kaya maling.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘mindhik-mindhik’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Tembung ‘mindhik-mindhik’ menika miturut teori linguistik tradisonal kalebet tembung rangkep semu (dwilingga semu) amargi boten saged wangsul wonten konstrukipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Menawi dipuntingali saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunpanggihi inggih menika fungsi <i>representasion</i> amargi negesaken perkawis.
11.	Gatot: “Kalau kalah piye?”	√			√				√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘piye’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i> , tembung ‘piye’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunpanggihi inggih menika fungsi <i>interaksional</i> .
12.	Darto: “Tak sobek cangkemmu!”	√			√					√			- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘cangkemmu’ saking basa Jawi ingkang

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘cangkemmu’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘cangkem’ saha panambang – mu. - Saking konteks tuturipun saged dipunpanggihi fungsi dwibasa inggih menika fungsi <i>personal</i>.
13.	Pemuda kampung: “Sejak kamu belikan kuda bapakmu kelihatan sumringah. ”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘sumringah’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘sumringah’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi dwibasa wonten ing wicantenan menika kalebet fungsi <i>representasion</i> .
14.	Pak Susilo: “Ada apa Nduk kok teriak?”	√			√				√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘Nduk’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i> , tembung ‘Nduk’ menika kalebet tembung wancah saking tembung Genduk. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi dwibasa ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>interaksional</i> .

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
15.	Meli: “Sayang, sayang gundulmu! ”	√			√					√			- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘gundulmu’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Dipuntingali saking wujudipun tembung, ‘gundulmu’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘gundul’ ingkang angsal panambang – mu. - Saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>personal</i>.
16.	Darto: “Muga-muga ora berakhir kaya bapakne.”	√			√							√	- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘berakhir’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Saking wujudipun tembung, ‘berakhir’ menika kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘akhir’ ingkang angsal ater-ater ber- wonten ing basa Indonesia. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>imajinatif</i> amargi paring pangarep-arep dhumateng tiyang sanes.
17.	Wahyu: “Bu, bapak kapan arep sholat? Kapan jadi imam buat kita?”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘arep’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘arep’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah aslinipun. - Saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i>.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
18.	Wahyu: “ Piye Pur? Sudah di catat?”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘piye’ saking basa Jawi dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘piye’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah aslinipun. - Saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunpanggihaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i>.
19.	Hasan: “Bikinin aku kopi, biar ndak ketahuan bapakmu.”	√			√	√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ndak’. Tembung ‘ndak’ menika sejatosipun saking tembung basa Indonesia inggih menika tembung <i>tidak</i> ananging wonten proses pangirangan basa saengga ewah dados ‘ndak’. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘ndak’ menika kalebet wonten ing tembung wancah

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													saking tembung <i>tidak</i> ingkang dicekakaken pocapanipun. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>instrumental</i> .
20.	Gatot: “ Apa kowe ndak punya uang buat beli sepatu?”	√			√				√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘opo’ lan ‘kowe’ ingkang dipuncampur kaliyan tembung basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i> , tembung ‘apa’ lan ‘kowe’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>interaksional</i> .
21.	Hasan: “Tidak usah cerewet, iki sepatumu dipakai!”	√			√	√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													titikanipun wonten tembung 'iki' saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung 'iki' menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>instrumental</i>.
22.	Gatot: "Benar sampean cuma modal ganteng saja."	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung 'sampean' saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking wujudipun tembung, 'sampean' menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representasion</i> amargi ngandharaken informasi dhumateng tiyang sanes.
23.	Gatot: “ Kuwi kudamu disana ambil saja.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kuwi’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking wujudipun tembung, ‘kuwi’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representasion</i> amargi paring informasi.
24.	Darto: “Mulutmu iku tidak pernah berubah dari dulu sampai sekarang.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘iku’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													kalayan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘iku’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunpanggiaken inggih menika fungsi <i>representasion</i> amargi paring informasi dhumateng tiyang sanes.
25.	Anak kampung: “Heh bocah, kowe si Brandon anaknya Timo kan? Timo pelatih Persema?”	√			√						√		Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kowe’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kalayan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘kowe’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i>.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
26.	Wahyu: “Kowe ora kenapa-kenapa dik?”	√			√				√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kenapa-kenapa’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Saking wujudipun tembung, ‘kenapa-kenapa’ kalebet tembung rangkep saking tembung lingga kenapa ingkang dipunambali wicantenanipun. - Saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>interaksional</i>.
27.	Darto: “Ayo Yu jupuken bolamu itu.”	√			√	√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘jupuken’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘jupuken’ menika

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													kalebet tembung andhahan saking tembung lingga 'jupuk' ingkang angsal panambang –en. Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunpanggiaken inggih menika fungsi <i>instrumental</i> amargi ngutus tiyang sanes.
28.	Wahyu: “Indah, aku cuma mau ngasih tahu kalau nanti sore aku ada pertandingan di desa Karang Sari.” Indah: “Karang Sari? Ngapain kamu main disana?” Wahyu: “Aku disewa buat main bola, memperkuat tim. Kowe datang ya karo Meli.”		√	√				√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken wujud dwibasa ingkang kalebet alih kode titikanipun wonten kalih klausa saking basa Indonesia-basa Jawi ingkang dipunginakaken gantosan. - Data tuturan menika ngemu fungsi <i>representasional</i> amargi data tuturan menika ngemu fungsi paring informasi. Wonten data tuturan menika Wahyu maringi informasi dhumateng Indah menawi piyambakipun badhe dolanan bal.
29.	Darto: “Ngliat koen? Ngliat ora matamu ?”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													‘matamu’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Jawi. - Saking wujudipun tembung, tembung ‘matamu’ menika kalebet tembung andhahan amargi angsal panambang –mu saking tembung lingga mata. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunpanggihaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i>.
30.	Hasan: “Wahyu, kowe sudah janji sama aku buat main disini sampai habis.”	√			√		√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kowe’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘kowe’ menika kalebet tembung lingga ingkang asring dipunginakaken ingkang tegesipun kamu.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>regulasi</i> .
31.	Hasan: “Masih ada harapan le , jangan sedih kayak gitu.”	√			√		√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘le’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Tembung ‘le’ menika kalebet tembung wancah saking tembung lingga ‘thole’. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>regulasi</i> .
32.	Darto: “Lihat hasilnya! Setelah aku yang kowe tipu sekarang anakku.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kowe’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘kowe’ menika kalebet tembung lingga amargi tembung menika dereng ewah aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun data menika ngemu fungsi <i>representation</i>.
33.	Darto: “Diem koen, anak bawang! Koen ra ngerti apa-apa. Ayo mulih!”		√	√		√							- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode kanthi titikanipun wonten tigang klausa saking basa Indonesia-basa Jawi. - Saking wujudipun tembung, tembung ‘anak bawang’ menika kalebet kelompok tembung amargi kapancak saking kalih tembung ingkang gadhah teges enggal nalika tembung menika dipundadosaken setunggal. - Saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>instrumental</i> titikanipun saking tembung ‘Ayo’.
34.	Darto: “Iya..biar kamu tidak goblok seperti bapakmu!”	√			√					√			- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													wonten tembung ‘goblok’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking wujud tembung, tembung ‘goblok’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. Dipuntingali saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunginakaken wonten ing ujaran menika fungsi <i>personal</i>.
35.	Gatot: “Hasan, kamu yang bakal jadi seksine .”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘seksine’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Dipuntingali saking wujud tembung, tembung ‘seksine’ menika kalebet tembung andhahan amargi sampun angsal panambang <i>-ne</i> saking tembung lingga ‘seksi’.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representation</i> .
36.	Hasan: “Jangan menantang taruhan kalau gak duwe jaminan.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘duwe’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking wujudipun tembung, tembung ‘duwe’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika kalebet fungsi <i>representation</i> amargi paring informasi.
37.	Wahyu: “Ah Pak lik ini, ak kan cuma wong ndeso .”		√		√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘wong ndeso’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													tembung saking basa Indonesia. - Dipuntingali saking wujud tembung, tembung ‘wong ndeso’ menika kalebet kelompok tembung amargi kapancak saking kalih tembung ingkang gadhah teges enggal nalika tembung menika dipundadosaken setunggal. - Menawi dipuntingali saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunpanggiaken inggih menika fungsi <i>representasion</i> amargi ngandharaken <i>informasi</i>.
38.	Darto: “Bapaknya golek duit sampai modiar, anaknya malah mainan bola. Jancuk!!”		√	√						√			- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode kanthi titikanipun wonten kalih klausa saking basa Jawi-basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘golek’ saha ‘modiar’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah aslinipun. - Menawi dipuntinggali saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>personal</i> amargi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													ngandharaken raos duka dhumateng tiyang sanes.
39.	Darto: “Itu balesan buat anak yang melawan orang tua. Ngerti koen? ”	√			√		√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode titikanipun wonten tembung ‘ngerti’ saha tembung ‘koen’ saking basa Jawi ingkang kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘ngerti’ menika kalebet tembung andhahan ingkang angsal ater-ater –ng saking tembung lingga ‘reti’. - Tembung ‘koen’ menika kalebet variasi basa ingkang asring dipunginakaken dening masarakat Jawa Timur ingkang tegesipun ‘kowe’ - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data tuturan menika ngemu fungsi <i>regulasi</i>.
40.	Darto: “ Ndak ada cerita bola di rumah ini dari sekarang sampai bapakmu mati!”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ndak’.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘ndak’ menika kalebet tembung wancah saking tembung basa Indonesia ‘tidak’. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi <i>representation</i> amargi tuturan menika gadhah ancas maringi <i>informasi</i> dhumateng tiyang sanes.
41.	Hasan: “Heh, perjanjian kita kemarin gak kayak gitu le , jangan lancang.”	√			√		√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘le’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘le’ menika kalebet tembung wancah saking tembung lingga ‘thole’ saha asring dipunginakaken kangge nyebut anak lanang. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													fungsi <i>regulasi</i> amargi ujaran menika gadhah ancas ndukani tiyang sanes.
42.	Darto: “Sudah cukup koen njejelin mimpi ke anakku, San.” Hasan: “Anakmu beda sama kamu, To!” Darto: “Prek!! Mulutmu ndak pernah berubah. Bocah ora urus.”		√	√						√			- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode ingkang titikanipun wonten tuturanipun Darto ingkang ngemu kalih basa inggih menika basa Jawi saha basa Indonesia ingkang dipunginakaken gantosan. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun data tuturan menika ngemu fungsi <i>personal</i>.
43.	Hasan: “Koen duwe bakat gedhe.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘bakat’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘bakat’ menika kalebet tembung lingga saking basa Indonesia ingkang dereng ewah saking aslinipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, fungsi ingkang dipunginakaken menika fungsi <i>representation</i> amargi maringi informasi dhumateng tiyang sanes.
44.	Meli: “Kamu tahu ndak Wahyu ke Malang berapa hari? Ngapa wae disana?”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa ingkang awujud campur kode kanthi titikanipun wonten tembung ‘ngapa’ saha ‘wae’ saking basa Jawi ingkang dipuncampur kaliyan basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘ngapa’ saha ‘wae’ menika kalebet tembung lingga amargi dereng ewah saking aslinipun. - Menawi dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i>.
45.	Hasan: “Wahyu, aja sedih kayak gitu.”	√			√		√						Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													‘aja’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘aja’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>regulasi</i>.
46.	Penjual: “Pak, sampean masih lama disini ndak?”	√			√				√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘sampean’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘sampean’ menika kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi interaksional.
47.	Indah: “ Kapan mulih ya si Wahyu?”	√			√				√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘kapan’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i> , tembung ‘kapan’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>interaksional</i> .
48.	Mitro: “Wahyu melu latihan sepakbola nang PERSEMA.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													‘melu’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘melu’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representasion</i>.
49.	Hasan: “Gak usah jauh-jauh saka langit pak, di desa tetangga aja ada pemain hebat.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘jauh-jauh’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘jauh-jauh’ kalebet tembung rangkep saking tembung lingga

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													‘jauh’ ingkang dipunambali wicantenanipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representasion</i>.
50.	Pak Gatot: “Aku pamit sek ya le . Kuwi kudamu disana.”		√	√			√						- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode kanthi titikanipun wonten kalih klausa saking basa Jawi-basa Indonesia. - Saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘sek’ saha ‘le’ menika kalebet tembung wancah saking tembung lingga ‘dhisek’ saha ‘thole’. - Menawi dipuntinggali saking konteks tutur, fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>regulasi</i> amargi ngemutaken tiyang sanes.
51.	Pak Gatot: “Salam nggo bapakmu, dulu bapakmu kaya koen.”	√			√				√				- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘nggo’ saking basa Jawi ingkang

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘nggo’ kalebet tembung wancah saking tembung lingga ‘kanggo’. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi interaksional amargi nyiptakaken raos paseduluran.
52.	Anak: “Ngerti ra kalau bapakmu tu payah.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode titikanipun wonten tembung ‘kalau’ saha ‘payah’ saking basa Indoensia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘kalau’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representasion</i> .
53.	Bu Darto: “Sudah bilang bapakmu durung le?”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘durung’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i> , tembung ‘durung’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i> .
54.	Hasan: “Saya Hasan pelatih Wahyu coach, bakatnya gedhe .”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘gedhe’ saking basa Jawi

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘gedhe’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representasion</i>.
55.	Bu Darto: “Piye le? Apa? Alhamdulillah le kamu diterima .”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘diterima’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘diterima’ kalebet tembung andhahan saking tembung lingga terima ingkang angsal ater-ater di-.

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													- Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i> .
56.	Orang desa: “To, selamat ya. Anake ketrima di Persema. Pancen Hebat .”	√			√					√			- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘hebat’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i> , tembung ‘hebat’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>personal</i> amargi paring simpati dhumateng tiyang sanes.
57.	Mitro: “Carane aku iki lagi bikin puisi kanggo Meli.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													‘bikin’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘bikin’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representation</i> amargi gadhah ancas ngandharaken informasi dhumateng tiyang sanes.
58.	Meli: “Trus iki rumahnya Wahyu sing endi Pur?”	√			√						√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘rumahnya’ saking basa Indonesia ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Jawi. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													‘rumahnya’ kalebet tembung andhahan saking tembung lingga ‘rumah’ ingkang angsal panambang –nya. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i> amargi fungsi menika maringi pitakenan dhumateng tiyang sanes saha mbetahaken wangsulan.
59.	Indah: “Aku wingi beli buku kesehatan karo Hendro.”	√			√			√					- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud campur kode ingkang titikanipun wonten tembung ‘wingi’ saking basa Jawi ingkang dipunginakaken kacampur kaliyan tembung saking basa Indonesia. - Menawi dipuntingali saking <i>konstruk morfologis</i>, tembung ‘wingi’ kalebet tembung lingga ingkang dereng ewah saking aslinipun. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu

Tabel Salajengipun

1	2	3	4	5	6	7	8	9	10	11	12	13	14
													fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>representation</i> amargi gadhah ancas ngandharaken informasi dhumateng tiyang sanes.
60.	Wahyu: “Pur, Mitro nang endi?” Purnomo: “Kae lagi gemes-gemesan karo Meli.” Wahyu: “Apa itu gemes-gemesan Pur?” Purnomo: “Itu lho kayak cicak saat bulan purnama.” Wahyu: “Kamu aneh-aneh saja.”		√	√							√		- Wonten data tuturan menika kapanggihaken dwibasa awujud alih kode ingkang titikanipun saking tuturanipun Wahyu. Tuturanipun Wahyu menika wonten tigang klausa, klausa kaping setunggal kapanggihaken basa Jawi lajeng tuturanipun kaping kalih saha tiga ngginakaken basa Indonesia. - Dipuntingali saking konteks tuturipun, data menika ngemu fungsi ingkang dipunginakaken inggih menika fungsi <i>heuristik</i> amargi fungsi menika gadhah ancas paring pitakenan saha mbetahaken wangsulan.